ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№113 (23.521) ● 2017 гъэм мэкъуаугъуэм (июным) и 17, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий Медицинэм и лэжьакIуэхэм я махуэмкIэ зэрехъуэхъур

Ныбжьэгъу лъапIэхэ!

Си гуапэу сынывохъуэхъу фи Iэщ1агъэм и махуэмкIэ!

Дохутырхэм я лэжьыгъэр нэхъ пщIэ зыпылъхэм яцыщщ, абы щыгъуэми жэуаплныгъэшхуэ пыщIащ, интеллект лъагэрэ гудзакъэрэ хэплъхьэ зэпытщ. Фи щIэныгъэм, Iэзагъэм, жэуаплныгъэм, цIыхугъэм, Iэщ1агъэмрэ къалэнымрэ псэемыблэжу фызэрыхуэлажьэм елъытащ гъэхъужьныгъэр зэрекIуэкIыр, узыншагъэр, уеблэмэ, язынькъуэхэм и деж сымаджэм и гъащIэр. Псом хуэмыдау фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ отраслым и ветеранхэм.

Узыншагъэр хъумэныкIэ системэм и сэбэпынагъыр адэкIи егъэфIакIуэным, медицинэ дэIэпыкъуныгъэ хэхам зегъэужьным, медицинэ Iуэхутхьбзэхэр пэрыуэнщэу къаэзрыIэрыхьэмрэ абыхэм я фIагъымрэ хэгъэхуэным, узэкр къэмыгъэхъуным телэжьэным, гъащIэ узыншэ екъэкIыныр ягурыгъэIуэным екъэлIа Iуэхугъуэфlхэр нобэ республикэм щокIуэкI. Технологие лъагэр зи лъабжьэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ зыгъуэтхэм я бжыгъэм хохъуэ, сымаджэщхэмрэ поликлиникэхэмрэ я материально-техникэ лъабжьэр къагъэщIэращIэ.

ЕхъулIэныгъэ, узыншагъэ быдэ, насып, зэIуэзэпэщыныгъэ фIэну сынывохъуэхъу.

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр етыным и Iуэхукlэ

### Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Узыншагъэр хъумэныкIэ IэнатIэм зегъэужьным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуащIам, Iэзагъ ин зэрабгъэдэлъым икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм кьыхэкIыу

**цIэ лъапIэхэр яфIэщын:**

***«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиI э и дохутыр»***

**Амщокъуэ Зиттэ Рэмэзан и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэм и «Онкология диспансер» узыншагъэр хъумэныкIэ къэрал бюджет Iуэхущ1апIэм и дохутыр-онкологым

**Афэщ1агъуэ Владимир Хьэзиз и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэм и «Психоневрологие диспансер» узыншагъэр хъумэныкIэ къэрал кIэзонэ Iуэхущ1апIэ №6-м и къудамэм и унафэщIым

**Залиханов Аружан Хъызыр и пхъум** - «Къалэ клиникэ сымаджэщ №2» узыншагъэр хъумэныкIэ къэрал бюджет Iуэхущ1апIэм и дохутыр нэхъыщхьэм медицинэ IуэхуэмкIэ и къудзэм, дохутыр-терапевтым, Налшык къалэ

**Крамаров Владимир Владимир и къуэм** - Прохладнэ къалэ округымрэ Прохладнэ муниципальнэ районымрэ я «Районы сымаджэщ нэхъыщхьэ» узыншагъэр хъумэныкIэ къэрал бюджет Iуэхущ1апIэм и неврологие къудамэм и унафэщIым, дохутыр-неврологым

**Кунбутаев Барат Магомед и къуэм** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэм и «Катастрофэхэм я медицина Къэбэрдей-Балъкъэр центр» узыншагъэр хъумэныкIэ къэрал кIэзонэ Iуэхущ1апIэм и директорым оперативнэ лэжьыгъэмкIэ и къудзэм - оперативно-диспетчер къудамэм и унафэщIым

**Мэржахъу Мадинэ Юрэ и пхъум** - «Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» щIэныгъэ ищхьэ щ1агъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет егъэджэныгъэ Iуэхущ1апIэм зэ зэрыцIалэхэмкIэ и кафедрэм и унафэщIым,

***«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэныкIэ щIыхь зиI э и лэжьакIуэ»***

**Биккиевэ Мадинэ СулътIан и пхъум** - «Къалэ клиникэ сымаджэщ №2» узыншагъэр хъумэныкIэ къэрал бюджет Iуэхущ1апIэм и приёмнэ къудамэм и медицинэ сестра нэхъыжьым, Налшык къалэ

**Къуий Наталье Николай и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэм и «Звёздочка» сабий жьэн узэкмкIэ санаторэ» узыншагъэр хъумэныкIэ къэрал кIэзонэ Iуэхущ1апIэм и медицинэ сестрам

**Мамхэгъ Иннэ Ерэжыб и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэм балигъхэм медицинэ дэIэпыкъуныгъэ етыныр кьыззэпэщынымкIэ къудамэм и унафэщIым

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2017 гъэм мэкъуаугъуэм и 16-м*
*№93-УГ*

● Щ1Iэныгъэ

# Бгъуэнщ1агъ куухэм гъащIэ щыIэ?



**КъБКъУ-м и егъэджакIуэхэмрэ студентхэмрэ иджыблагъэ хуэзащ1 спелеолог (бгъуэнщ1агъхэмрэ щIы щ1агъым щызекIуэ псыхэмрэ зыдж Iэщ1агъэл) щIэрыIуэ, Кърым федеральнэ университетым и географие факультетым щIымрэ геоморфологиемкIэ и кафедрэм и егъэджакIуэ нэхъыжь Самохин Геннадий. ЗэIущIэр кьыззэрагъэпэщащ «Бгъуэнщ1агъэр джыныкIэ Кърым-Кавказ зекIуэ» проектым ипкъ иткIэ.**

САМОХИНЫР ящыщщ бгъуэнщ1агъ нэхъ куу дыдэхэм нэсыфа спелеологхэм. Абыкlэ щIэныгъэлIым дунейпсо рекорд 2012 гъэм игъэуващ, Абхъазым щIыIэ карст шахтым метр 2196-кIэ екри. Ар хэтащ бгъуэнщ1агъэр джыныкIэ дунейпсо, лъэпкъпсо, щIыналъэпсо проектхэр зыубзыхуа Iэщ1агъэлIхэм. УФ-м и Президент Путин Владимир 2016 гъэм и мэлыжьыхьым Самохиным иратащ Урысей Федерацэм и бгъуэнщ1агъэхэр джыныбгъэ абыхэм я базэ зэхуэхьэсынымрэ хуэгъэпса грант щхьэхуэ. Апхуэдэу географ цIэрыIуэм хуагъэфащащ «Хрустальный компас» лъэпкъ саугъэтыр, щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыIэ бгъуэнщ1агъэхэм тепсэлъыхьу, Самохиным жиIащ абыхэм ящыщ куэд иджыри нэсу джа, къэхута зэрымыхъуар. Абы кьыззэрыхигъэщамкIэ, щIыналъэм и дэтхэнэ бгы лъагапIэми теухуауэ птхыфынущ щIэныгъэ лжьыбгъэ хьэлэмэтхэр, диплом, кандидат къэхутэныгъэри хэту. Апхуэдэу яжриащ бгъуэнщ1агъ куухэм гъащIэ зэрыщыIэр, абыи псэ зыIут пкъыгъуэхэр зэрыщыкуэдыр.

Студентхэм я упщIэ зэмылIэужьыгъуэхэм жэуап яриту, щIэныгъэлIым кьыхигъэщащ КъБР-м кьыхьэ Шэрдж районым бжьыхьэм спелеологхэм я зэхуэс щызэхишэну зэримырадыр икIи абы иригъэблэгъащ БкБКъУ-м и студентхэр. ЩIыуэпсыр фIыуэ зылъагъу, абы и зэхэлъыкIэм дихьэх щ1алэгъуалэр Самохиным кьыхуриджащ езыр зи пашэ зекIуэхэм хэтыну.

КъБКъУ-м егъэджэныгъэ лжьыгъэмкIэ и проректор Лесев Вадим хьэщIэ лъапIэм фIыщIэ ин хуищIащ кьыззэрыхуеблэгъам папщIэ икIи адэкIэ пыщIэныгъэ хуаIэну зэрягуапэри кьыхигъэщащ.

**КЪАРДЭН Маритэ.**

**2017 гъэм мэкъуаугъуэм и 26-р зыщагъэпсэху махуэшхуэу гъэувыным и Iуэхукlэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

«Динымкlэ хуитныгъэмрэ зэгухьэныгъэхэмрэ я Iуэхукlэ» 1997 гъэм фокIадэм и 26-м къыдэкIа Федеральнэ закон №125-ФЗ-м и 4-нэ статьям и пункт 7-м тету, Нэщ1ыкIыж махуэшхуэм теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Мыслъымэнхэм я дин Iуэхущ1апIэм зэрызыкъытхуигъэзам ипкъ иткIэ **унафэ сощI**:

2017 гъэм мэкъуаугъуэм и 26-р зыщагъэпсэху махуэшхуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыгъэувын.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2017 гъэм мэкъуаугъуэм и 16-м*
*№92-УГ*

# Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ инфраструктурэ ухуэныгъэмкIэ Урысейм щынэхъ лъэщ дыдэхэм ящыщу къалъытэ «ВИС» компание гупымрэ я стратегие зэдэлэжьэныгъэм теухуа зэгурыIуэныгъэм Iэ щIадэ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий хуэзащ1 инфраструктурэ ухуэныгъэмкIэ Урысейм щынэхъ лъэщ дыдэхэм ящыщу къалъытэ «ВИС» компание гупым и генеральнэ директор Снегуров Игорь.**

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ республикэм и щIыналъэм инвестицэ проект пэрытхэр щыгъэзэщIэным хуэгъэзауэ лъэныкъуитIым зэщIыгъуу зэфIагъэкIыфынухэм.

А махуэ дыдэм Правительствэм и Унэм Iэ щыщIадзащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ «ВИС» концернымрэ я стратегие зэдэлэжьэныгъэм теухуа зэгурыIуэныгъэм. Абы кьыщыгъэлъэгъуащ социально-экономикэ, инновацэ зыужьыныгъэмкIэ программэхэр гъэзэщIэным хуэгъэзауэ къэрал мылькумрэ уней мылькумрэ зэгъэуIуэуэ кьыхэзрагъэсэбэным зегъэубгъуныр, республикэм инвестицэхэр нэхъ жьыдэжру кьыхуэзщIэгъэуIуэныр, иджырей техникэ, технологие хэкIыпIэхэр къэгъэсэбэпныр, лжьакIэхэмрэ гъэмэщIэныр.

ЗэгурыIуэныгъэм и Iыхьэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ Солдатскэ станицэм щегъэжьауэ Тырныауэ къалэм нэс кIуэ икIи километр 95-р зи кIыхьагъ гъущ1 гъэгур ухуэныр. А Iуэхур къыщыгъэлъэгъуащ 2030 гъэм нэсыху Урысей Федерацэм и гъущ1 гъэгу транспортым зегъэужьынымкIэ стратегием, 2034 гъэм нэсыху Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэмкIэ стратегием.

Мы проектыр кьыгуэхьпIэ имыIэу пыщIащ, жиIащ КIуэкIуэ Юрий, Тырныауэ вольфрам-молибден къыщIэхьпIэр егъэжьэжьным, нэгъэущ1 хьгъуэфIыгъуэхэм я къыщIэхьпIэхэр Бахъсэн псыхъуэм кьыщызэIухыным. Гулъытэ хэха хуащIащ мы Iуэхум и социально лъэныкъуэм: гъущ1 гъэгур щ1ухуэкIэ ар зриIуэну щIыпIэм цIыху миниц1ым щIигъум лжьакIэ Iэнатlэхэр щагъэутынущ. Апхуэдэу гъущ1 гъэгущIэм цIыхухэр къеушэкIыным пыщIа Iуэхутхьбзэхэр иригъэфIакIуэнущ, республикэм и турист-рекреацэ комплексым зегъэужьынымкIэ сэбэп хъунущ. Проектыр гъэзэщIэным хэлэжьыхьынущ «Урысейм и гъущ1 гъэгухэр» акционер зэгухьэныгъэ зэIухар.

Iэ зыщIадза зэгурыIуэныгъэм и гугъу щиущIым, Снегуров Игорь кьыхигъэщхьэхукIащ: «Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, мы проектым зэрыщыту къэралым и дежкIи мыхьэнэшхуэ иIащ. Инфраструктурэм зегъэужьныр экономикэр щIэгъэхуэбжьауэ къэIэтыныкIэ хэкIыпIэщ1э».

ЗэIущIэм и кIэухым КIуэкIуэ Юрийрэ Снегуров Игорррэ журналистхэр зыщIэупщIахэм жэуапхэр иратащ.

**ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.**

# Щ1ыхуэшхуэ зытелъхэр зыгъэпсэхуакIуэ мыкIуэфынкIэ хъунущ

Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр мы зэманым куэдым нэгъуэщ1 къэралхэм щрагъэкIуэкI. Апхуэдэ мурад зиIэхэм я гукъыдэжьыр зыми кьыззэпимыудын папщIэ Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъущIапIэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм цIыхухэм хъыбар ярегъащIэ щыхуэшхуэ зытелъхэр икIи абыхэм ятеухуауэ хъыбарегъащIэ тхылъхэм щыхуагъэувахэр и зэманым зымыгъэззэщIахэр Урысей Федерацэм ирамыгъэкIынкIэ зэрыхъунымкIэ. Апхуэдэ мардэр кьыщыгъэлъэгъуащ «Суд унафэхэр зэрагъэзащIэм и Iуэхукlэ» 2017 гъэм жэпуэгъуэм и 2-м къащта Федеральнэ закон №229-ФЗ-м и 67-нэ статьям.

КъБР-м щыIэ управленэм нэгъэущ1 къэралхэм кIуэну зи мурадхэм чэнджэщ ярет щIыхуэхэм я лъэныкъуэкIэ я Iуэхур зытетыр и зэманым зрагъэущIэну. Апхуэдэ информацэр абыхэм кьыщагъэутыфынущ Урысейм и Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъущIапIэм и сайтым и «Банк данных исполнительных производств» информацэ системэм. Апхуэдэу абы и лъэныкъуэкIэ зыхуэмIазэ хъунущ Суд приставхэм я Iуэхущ1апIэу фыщщыпсэу щIыпIэм щыIэм.

Гу лъытапхъэщ нэгъэущ1 къэралхэм кIуэнымкIэ цIыхум иIэ хуитныгъэр кьыззэрызэтрагъэувыIэмкIэ унафэр кьутэжыным тхьэмахуитI зэрихьым. Абы кьыхэкIыу псом нэхъ?э нэхъыфIыр щIыхуэхэр и зэманым пшынэжьыныр.

***Урысейм и Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъущIапIэм и управленэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.***

# Газетхэмрэ журналхэмрэ къезыгъэхьхэм папщIэ

**«Адыгэ псалъэм» и ныбжьэгъуфIхэ!**

**Фигу кьыдогъакIыж 2017 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм унэм ныфхуахьыну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щIэдзынырэ мэкъуаугъуэм и 25-м зэрихьыр.**

**Ди газетым илъэс ныкъуэм и уасэр сом 815-рэ кIэпIейкIи 10-рэщ.**

**Ди индексыр 51531**

# КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ Отаров Керим ягъэлъэпIэну загъэхьэзыр

● Дыгъуасэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ Отаров Керим кьыззэралъхурэ илъэси 105-рэ зэрырикъум теухуа Iуэхугъуэхэм япкъ иткIэ, КъБР-м и премьер-министр Мусуков Алий Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щ1ауущIащ Тэтэрстаным, Къалмыкъым, Алтаймрэ щэнхабзэмрэ гъуэгуанэхэмкIэ щIыхь зиI э и лэжьакIуэхэм.**

ЗэIУЩIэм хэтащ Тэтэрстан Республикэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Курбанов Р., «Радуга» журналым (Алтай край) и редактор нэхъыщхьэ Тепуков К., Къалмыкъ Республикэм и ТхакIуэхэм я союзым и правленэм и унафэщI Элдышев Э., Тэтэрстан Республикэм гъуэгуанэхэмкIэ щIыхь зиI э и лэжьакIуэ, уэрэджьыкIакIуэ, композитор Закиров И., Отаров Керим и щIэкIэ щыIэ Литературэ-художественнэ фондым и унафэщI, усакIуэм ипхъу Отаровэ Р., КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ М. сымэ. Абы щытепсэлъыхьащ КъБР-м и цIыхубэ усакIуэр къыщ1алъхуа махуэм ирихьэлIэу ирагъэкIуэкIыну цIыху куэд къызэщ1эзыубыдэ юбилей щэнхабзэ дауэдапщэкэр зэрагъэхьэзырымрэ зэрекIуэкIынымрэ.

Iуэхугъуэм и мурад нэхъыщхьэщ, къыщыхагъэщащ зэIущIэм, щэнхабзэ щIэиныр хъумэныр, Кавказ Ищхьэрэм и литературэм и классикэм я творчествэр щIалэгъуалэм егъэщIэныр.

Мусуков Алий жиIащ адэкIи зэдэлэжьэным, Урысейм и щIыналъэхэм щэнхабзэмкIэ я лэжьакIуэхэр я Iэзагъымкlэ зэхъуэжьным и телъхъэу зэрыщытыр. Правительствэм и Унафэщ1ым къыхигъэщащ республикэм и гъэзэщ1акIуэ властым дипэкIи сыт и лъэныкъуэкIи зэрызащIигъэкъуэнур жылагъуэ организацэхэм, творческэ зэгухьэныгъэхэм.

**УРЫСОКЪУЭ Ринэ.**

● КъБР-м и Правительствэм

# Сом мелуан 787-рэ мин 288-рэ трагъэкIуэдэну трауху

**КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков Алий дыгъуасэ иригъэкIуэкIащ Хабзэр къызэпемыгъэудыныкIэ Iуэхущ1апIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр зыхэт республикэ комиссэм и зэIущIэр.**

КъБР-м и псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэм щIэпхъаджагъэ щемыгъэлэжьыныкIэ хабзэхъумэ IэнатIэхэм ирагъэкIэ Iуэхуэм тепсэлъыхьащ КъБР-м и МВД-м Iупхьэм пащIэтыныкIэ экономикэ щынагъэнщагъэмкIэ и къудамэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Бетрожь Мурат**. Абы жиIащ фэтэр куэд хъу унэхэм Iэзэхутхьбзэ хуащIэну республикэм щатхауэ щIэ компание 64-ми лицензэ зэрагIэр. Бетрожьым кьыхигъащ1ащ «КъБР-м и цIыхуэхэр псэупIэрэ коммунальнэ IуэхутхьбзэхэмкIэ къызэгъэпэщIын» къэрал программэм кьыщыгъэлъэгъуар ягъэзэщIэным 2017 гъэм сом мелуан 787-рэ мин 288-рэ трагъэкIуэдэну зэрытраухуар, арщхьэкIэ япэ мазиплIым кьызэригъэлъэгъуамкIэ, ар зэкIэ процент 25,9-кIэ кьызэрагъэпэщыфауэ аращ.

- Къэрал кIуэцI Iуэхуэмкlэ IэнатIэхэм я къалэн нэхъыщхьэхэм щыщщ республикэм и псэупIэ-коммунальнэ Iуэхущ1апIэхэм зегъэужьыным хухах мылькур зыхуэят хуэзауэ къызэрагъэсэбэным кIэлъыплъыныр. Псалъэм папщIэ, УФ-м и МВД-мрэ «ПсэупIэ-коммунальнэ IэнатIэхэм зегъэужьным щIэгъэкъуэн хуэхъу фонд» къэрал корпорацэмрэ зэрызэгурыIуам тету, щIыналъэхэм фэтэр куэд хъу унэхэр щызрагъэпэщщыжьынымрэ жьы хъуэхэм цIыхуэхэр къыщIэгъэIэпхъукIынымрэ хухах мылькур хабзэм къеззгъыу къызэрагъэсэбэным зэгъусэу дыкIэлъоплъ, - жиIащ Бетрожь Мурат. - 2016 гъэм КъБР-м и псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэхэм къэпщытэныгъэхэр щедгъэкIуэкIым кьыщIэщащ «ЖКХ-м зегъэужьыным теухуауэ» къэрал программэм хьыхьу къызэрагъэпэща уху?эныгъэ лэжьыгъэхэм текIуэдауэ ятхам щIрагъэгъуэуэ хабзэр кьыщызэпауда Iуэхугъуэ 5. Мы зэманым иджыри уголовнэ Iуэхуитl зэхагъэкI.

Къэпсэльам зэрыжиIамкIэ, 2017 гъэм и япэ мазитхум КъБР-м и псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэм экономикэ щIэпхъаджагъэ 13 щ1алэжьащ. Абыхэм ящыщу 3-р Iупхьэ зэрызэIапахам теухуащ. ЩIэпхъаджагъэу 7-рэ ахэр зылэжьа цIыхухэр кьыщIагъэщащ. Уголовнэ Iуэхуэхэр нэхъыбэу зытеухуауэ щытар псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэхэм я Iэщ1агъэлIхэм я лэжьыгъэр хабзэм тету зэрамыгъэззэщIарщ, унэхэр зейхэм ят ахъшэр зэрадигъуарщ. Бетрожь Мурат жиIащ, «Газпром межрегионгаз Нальчик» ООО-м кьызэрипщытамкIэ, 2017 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м ирихьэлIэу псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэхэм кьагъэсэбэпа газымкIэ ятелъ щIыхуэр сом мелуан 402-м зэрыщIигъуар. Газымкlэ щIыхуэ нэхъыбэ дыдэ зытелъыр «Налшык хуабэкIэ кьызэзыгъэпэщ компание» муниципальнэ унитарнэ Iуэхущ1апIэрщ (сом мелуан 280-рэ мэхъу). ПсэупIэ-коммунальнэ IэнатIэхэм электрокъарумкIэ сом мелуан 761-рэ ятелъщ, абы и процент 65-р кьызытехуар «Водоканал» Iуэхущ1апIэрщ.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ балигъ ныбжьым нэмысахэм хабзэр зэрызэпамыдыщ щхьэкIэ ирагъэкIуэкI лжьыгъэхэмрэ гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр щIалэгъуалэм сэбэп пылъу зэрагъэкIуэнур кьызэрызэрагъэпэщыщынымрэ.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къудзэ - егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щ1алэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ и министр **Емуз Нинэ** зэрыжиIамкIэ, мы гъэм и гъэмахуэм узыншагъэр щ1агъэфIакIуэ Iуэхущ1апIэу 45-рэ республикэм щ1лэжьэнущ. Абыхэм ящыщу 26-м сабийхэр махуэм екIуалIэу щытынущ, 10-р - узыншагъэр щ1агъэфIакIуэ Iуэхущ1апIэщ, 9-р - зыгъэпсэхупIэщ. Къищынэмыщ1ауэ, курыт еджапIэхэм епхуэу зэман кIэщIкIэ сабийхэм я нэгу зыщ1агъэужьыну лагерхэр лэжьэнущ.

- Гупытэ хэха хуэдущ1 цIыкIуэхэр узыншагъэр щ1агъэфIакIуэ, зыщ1агъэпсэху Iуэхущ1апIэхэм щIэху я ныбжьэгъэнщагъэр кьызэгъэпэщыщынымрэ. А къалэныр ягъэзэщIэнущ полицэм и лжьакIуэ 500-м. Къэбгъэлъагъуэмэ, 2017 гъэм республикэ бюджетым кьыхэкI ахъшэкIэ щ1алэгъуалэ мини 10-м щIигъум зедгъэгъэпсэхуну, я узыншагъэм кIэлъыдгъэплъыну ди мурадщ - жиIащ Емуз Нинэ. Министрым дыщIигъуащ сабийхэм я зыгъэпсэхугъуэр кьызэгъэпэщыным псори зэхэту сом мелуани 164-рэ мин 892-рэ зэрытекIуэдэнур.

Мы Iуэхум теухуауэ зэIущIэм кьыщыпсэльащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумаху Мухьэдин**, спортымкIэ и министр **Хъущт Аслъэнбэч**, лжьыгъэмкIэ, щIыхуэхэр IэнатIэкIэ кьызэгъэпэщыщымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министр **Тюбеев Альберт** сымэ.

КъБР-м и УФСИН-м и унафэщI **Мэржахъу Мухьэмэд**, тепсэлъыхьащ лъэхъуэщым исахэмрэ тутнакъым имысу тезыр зыпшынхэмрэ лжьыгъэкIэ кьызэгъэпэщыныкIэ зэпыкъуэгъу зэрахъэхум. ЗэIущIэм щ1аубзыхуащ комиссэр адэкIэ зэлъжьынухэр.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

● КъБР-м и Парламентым

# ЩІалэгъуалэ жыджэр

**КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ яІущІащ ЩІалэгъуалэ палатэм хэтхэм, еджапІэ нэхъыщхьэхэм щеджэхэм, республикэм щылажьэ щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэм.**

АР «Цена успеха» Іуэхум хыхьэу къызэрагъэпэщати, щІалэгъуалэр куэдым щІэупщІащ. КъБР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэм и унафэщІ **Гугуэтыж Ахьмэд** жиІащ къыхалъхьэ Іуэхуэхэм Егоровэ Татьянэ сыт щыгъуи фІэгъэщІэгъуэну зэрыхэплъэр икІи зэпымыууэ дэІэпыкъуэгъу кІаэзрыхъуэхъур.

- Дэтхэнэри дыщІохъуэпс ехъулІэныгъэм и пщалъэр къэтщІэну, дыхуищокъу а лъагаІэм дынэсыну. И зэманым жыпІэ псалъэмэр ар къызэрыбдаІыгъымрэ куэд елъытащ. КъБР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэм ди Іуэху еплъыкІэ къыщыдгъэлъэгъуэну Іэмал дызэриІэм папщІэ, сэ сыхуейт Егоровэ Татьянэ фыщІэ хуэсщІыну, - жиІащ зэІущІэр зи жэрдэм, КъБР-м и Парламентым и ЩІалэгъуалэ палатэм Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмкіэ, спортымрэ туризмэмкіэ и комиссэм и унафэщІ **Зеушэ Алёнэ**.

Егоровэ Татьянэ къыщыпсалъэм къыхихгъэщащ жылагъуэ, политикэ гъащІэм зэрыщыхьэпэн гупсысэхэр щІалэгъуалэм зэраІэр зэриГуапэр.

Жэуаплныгъэ зыпылъ Іэнатіэ зэрыпэрыувамрэ мы зэманым абы зэрыпэлъэщыжрэ щІалэгъуалэр щыІэупщІэм, Егоровэ Татьянэ жиІащ: «Тынкъыым. Жэуаплныгъэшхуэ щыбгъэ зи дзыхь къозыгъэза щІыхубэм я пащхьэм. Хэкіыпіэр зыщ - куэдрэ улэжьэн хуейщ. Псом хуэмыдэу уи щхьэ уелэжьмыхъэщ. Сэ сызыпэрыт лэжьыгъэр си деждкіэ гъэщІэгъэнщи, аращ къару къыззэытыр. КъищынэмыщІауэ, си унагъэмрэ си лэжьэгъуэмрэ зэпымыуэу фІыщІэ яхуэощІ сыт щыгъуи зыр адрейм и щІэгъэкъуэну, дызэгурыІуэу дыкъызэрызэдекІуэкІым щхьэкІэ».

ЩІалэгъуалэм я зыужьныгъэм теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щІэзэфІагъэкІым къыщытеувыІэм абы къыхигъэщащ щІэныгъэ, щэнхабзэ, спорт Іуэхущ ІалІэхэр куэду дызэриІэр.

- Районхэм щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэр щолажьэ. Абыхэм щІалэгъуалэм гъэзгу ират, - пищащ Егоровэм. - Иджыпсту диІэ зэфІэкІымрэ Іэмалхэмрэ къэдгъэсэбэпыну гукъыдэж тщІы закъуэмэ, куэд тлъэкІынущ. Фыкъызыхуезджэнур зыщ: Іэщ1агъэу къыхэфхымрэ лэжьыгъэ фхуэхъунымрэ быдэу фегупсысауэ, жэуаплныгъэ фхэлъу фыбгъэдыхьэн. Пэжщ, мы зэманым щІалэгъуалэр гугуэхьэм Іуоуэ, нэхъыщхьэ дыдэри - щІэныгъэ зиІэ Іэщ1агъэлІ хъуа иужькІэ, щылэжьэн зэрамыгъэтырц. Дэ жэрдэм къыхэтлъхьащ щІалэгъуалэм лэжьакІуэ Іэнатіэхэр кВотэкІэ етыныр къыщыгъэлъэгъуауэ. Си гугъэмкіэ, абы нэхъ тегъэчныхьауэ елэжьыпхъэщ.

Кіыхубзыр унафэщІу щытыныр къызэрыщыхъыным щІалэгъуалэр щыщІэупщІэм, Егоровэм жиІащ КъБР-м и Парламентым псори зэалэгъэнуу зэрыщыздзэлажьэм, дэтхэнэми и Іуэху еплъыкІэм пщІэ зэрыщиІэм ар къыз1эрыщигъэпсынщІэр.

Тхылъым, литературэм я гугъу щищым, Егоровэ Татьянэ къыхигъэщащ школым зэрыщІэс лъандэрэ хамэ къэрал литературэр зыхилъхьэ щымыІэу фІыуэ зэриІагъур, усыгъэми зэрыхуэмыхамэр. Ар щІалэгъуалэм гукІэ хъахуеджащ Кедрин Дмитрий и «Зодчие» поэмэм.

- ИкъуэкІэ щхьэпэу къызолъытэ республикэм и щІыналъэхэм щІалэгъуалэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм куэду зыщегъэужьыныр. Апхуэдэуи си гуапэщ щІалэгъуалэ жыджэрхэр, я Іуэху еплъыкІэ къагъэлъэгъуэну мышынэхэр дызэриІэр. Нобэ зыгуэр къомыхъуІамэ, удзыхэ хъунукъым, адэкІэ укІуэтэн хуейц. Арагъэнщ екъулІэныгъэм уэзрыхуэкІуапхъэр, - жиІащ Егоровэм.

Къызэхуэсахэр тепсэлъыхьащ КИФЩІ-м и щІалэгъуалэм я зэгухьэныгъэ къызэгъэпэщыным зэреплъым, щІалэгъуалэ хьэрычэт Іуэхур зэрыкІуэтэну Іэмалхэм, нэгъуэщІхэми.

● Іуащхьэмахуэ щІыналъэ

# КІэлъыплъыныгъэм щІагъэувэ

**Іуащхьэмахуэ районым и щІыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ1апІэм и унафэщІ Тарим Алисэ хъыбар къызэрыдигъэщІамкІэ, щІыналъэм и Іэтащхьэ Залиханов Къанщобий я пашэу мыбы зэІущІэ щхьэпэ щрагъэкІуэкІащ Урысеймрэ КъБР-мкІэ и МВД-м а районым щыІэ къудамэм, прокуратурэм, такси зыгъэлажьэ фирмэхэм, къуажэ администрацэхэм я унафэщІхэр хэту.**

ЦІЫХУ къезышэкІ таксомотор транспортым и лэжьыгъэр ягъэтэмэмкІ папщІэ зэфІагъэкІым хуейкэм тепсэлъыхьащ район администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Азубэч Муіэед. Тырныауэ къаІэмрэ Гундзэпэ, Эльбрус къуажэхэмрэ я администрацэхэм я унафэщІхэм гурагъэІуэщ такси щытыпІэхэр нэгъуэщІ щІыпІэхэм къыщызэІуахын зэрыхуейр, автобус къуэвыІэпІэхэм деж, зыщагъэкІэрахъуэурэ, зэран щымыхъун папщІэ.

Автомобиль гъуэгуэр зэрызэрахьэ щІыкІэр ирагъэфІэкІуэн хуейц. Тырныауэ къаІэм и администрацэм деж къыщызэрагъэпэщынущ Урысеймрэ МВД-м Къэбэрдей-Балъкъэрым Іуащхьэмахуэ районым щиІэ и къудамэмрэ прокуратурэмрэ я лэжьакІуэхэр зыхагъэхьэну комиссэ. Абы пщэрылъ щащІынущ таксим и къуэвыІэпІэхэм зэпымыууэ и нэІэ ятригъэтыну. Апхуэдэ щІыкІэкІэ, псэупІэ унэхэм я гъунэгъуу хабзэншагъэкІэ такси щытыпІэхэр къыщызэІузыхьэри жэуапым ирашэлІэнущ.

Такси зыгъэлажьэ фирмэ псоми я унафэщІхэм хуагъэлъэгъащ цыху къызэшыкІныухэр лэжьакІуэ къыщащтэкІэ, абыхэм я тхыльхэм я тэмэмгъыр зэхагъэкІын зэрыхуейр. Хуей хъумэ, абыхэм МВД-м и район къудамэм зыхуагъазэ хъунущ зыщІэупщІэнухэмкІэ. Апхуэдэуи, ахэр такси псынщІэм техникэ и лъэныкъуэкІэ и щытыкІэр, и къабзагъэр, и телІъэр зэрырагъэфІэкІуэн Іэмалхэмэ льыхъуэн хуейц.

Хуит ямыщІу къызэІуаха сату щІыпІэхэм я гугъу щищым, Тырныауэ къаІэм и администрацэм и Іэтащхьэ Джаппуев Руслан къызэхуэсахэм хъыбар яригъэщІащ куэд дэмыкІыу МВД-м и район къудамэмрэ прокуратурэмрэ хэту комиссэ къызэрызэрагъэпэщынур, сату щащІ щІыпІэхэр къызэрызахха щІыкІэр хабзэм къызэрезэгъыр куэдкІэ.

**ХЬЭТЫКЪУЭ ЩауапцІэ.**

● Щэнхабзэ

# «Къафэм и гъуэжькуийм хэту»

**Бахъсэн районым иджыблагъэ щекІуэкІащ «Къафэм и гъуэжькуийм хэту» фІэщыгъэр зиІэ зэпеуэ. Абы хэтащ зи ныбжьыр илъэси 6-м щегъэжьауэ 18-м нэс ныбжьыщІэхэр. Зэпеуэр къызэригъэпэщащ Бахъсэн районым Сабий творчествэмкІэ и центрым.**

КъАФЭМ и махуэшхэр щІэщыгъуэу икІи гукъинэжу екІуэкІащ. Зэпеуэм хэтахэри абы еплъахэри макъамэмрэ къафэмрэ я «дунейм» къыщыхутам хуэдэт, апхуэдизкІэ къафэ лІэужьыгъуэ хуэд утыку кърахьати.

ХьэтІохъуэщыкъуей къуажэм дэт курыт школ №1-м и еджакІуэхэм хьэщІэхэр къыдахьхат илъэс 11-12-м ит музыкант ныбжьыщІэхэм лъэпкъ ІэмэпсымэхэмкІэ ягъэзащІэ макъамэм декІуу «Уэркъ къафэр» зэрагъэзащІэр.

- Макъамэр зыхэпщІэу, ар къыбгурыІуэу, дахэу зекІуэнир щІыхум хэлъын хуей щэнхабзэм и Іыхьэ нэхъыщхьэ икІи абыхэм ар щысабийм и деж егъэсапхъэщ, - жеІэ Бахъсэн районым Сабий творчествэмкІэ и центрым и унафэщІ КхъуэІуфэ Анзор.

**УЛЫМБАЩ Лерэ.**

# Сабиигъуэм и дуней щхъуантІэ

**Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэм траухуэ Іуэхугъуэ гуапэхэм илъэсым и кІыхьагъкІэ пащэ.**

«ЭКО-ГАРМОНИЯ» щІыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ Бабыгуей Ларисэ, Налшык къалэ округым и ЦІыхубзхэм я советымрэ «Эльбрус» кинотеатрымрэ зэщІыгъуу ирагъэкІуэкІащ «Сабиигъуэм и дуней щхъуантІэ» зыфІаща Іуэхугъуэ хьэлэмэт.

Профсоюзхэм щэнхабзэмкІэ и уардэунэм щызэхуэсат Налшык къалэ округым щыщ унагъуэ хуэмыщІахэм къахэкІа, адэ-анэхэм я нэІэм щІэмыт сабий гупышхуэ.

Псапэ зыпылъ Іуэхур кІыззэзыгъэпэща Бабыгуей Ларисэ фІэхъус псалъэ гуапэкІэ захуигъэзащ кърагъэблэгъа сабийхэм, узынщэу, гъащІэм и ІэфІыгъэр зыхащІэу, щІыуэпсыр фІыуэ я ялъагъуу псэуну, сабиигъуэ дахэ яІэну, гъащІэм лъэ быдэкІэ хэуэну зэригуапэр яжриаІащ. ЦІыкІуэм ехъуэхъуащ Налшык къалэ округым и ЦІыхубзхэм я советым и гуащэ Дыджэш Лиди.

ДэрэжэгъуэкІэ гъэнщІа Іуэху гуапэ езыгъэкІуэкІ режиссёр Гумэ Маринэ сабийхэм къапэплъэм щыгъуаз ищІри, «Эко-Гармония» КъБРОО-м и пресс-секретарь, химие щІэныгъэхэм я доктор Лыкъуэжь Залинэ щІыкІуэм ядригъэкІуэкІащ экологие дерсэр щІыуэпсым теухуа викторинэрэ. Абы и мурадыр къытщІохъуэ щІэблэр я лъахэм и щІыуэпсым щыгъэгъуэзэнымрэ дыкъэзыухъуреихь дуней щхъуантІэр хъумэн зэрыхуейм хуауащинымрэт.

Къыдэхуэса цІыкІуэхэм я гукъыдэжыр щхьэІэтащ артистхэу КІэмыргуей Адиссэ, Кіыщхэ Каринэрэ Ислъамрэ. НыбжьыщІэ щІыкІуэр гуфІэгъуэр я нэгум кърихыу щыздэфащ уэрэдэмрэ макъамэхэмрэ.

Дыкъэзыухъуреихь щІыуэпсым ехьэлІа упщІэхэм жыдэкІэ ирагъэкІ ираташ ныбжьыщІэхэм. Нэхъ къыхэжаныкІахэм ялъысащ тхыльрэ футболкэрэ. Апхуэдэу дэтхэнэми Іэфыкіэхэр ирагъэкІуэн Іуэху гуапэм и кІэуэху «Эльбрус» кинотеатрым яфІэгъэщІэгъуэн фильм щрагъэплъащ.

**ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.**

# Мы махуэхэм

Мэкъуауэгъуэм и 17, *щэбэт*

**♦Щыр игъущыкІыныбрэ уэгъумрэ ебэныным и дунейпсо махуэщ**, ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм къищта унафэм ипкъ иткІэ яГъэльапІэ 1995 гъэм къыщыщІэдзауэ.

**♦Исландие Республикэм и къэралыгъуэм и махуэщ**

**♦Румыниием и лъэпкъ авиацэм и махуэщ**

**♦Армением щагъэлъапІэ Авиацэм и махуэр**

**♦1565 гъэм** Идар Темрыкъуэ и къуэ Мамстрыкъуэ Москва кІуащ.

**♦1885 гъэм** Нью-Йорк къхъуакІэ нэсащ США-р зэрыгушхуэ фэеплъ нэхъ гъэщІэгъуэнхэм ящІащ, а къэралым и дамыгъэ нэхъыщхьэхэм хабжэ Хуитныгъэм и статуэр. Ар америкэ революцэр илъэсищэ щрикъум франджыхэм а къэралым тыгъэ хуащІауэ щытащ.

**♦1930 гъэм** япэ тракторыр къыщыщІагъэкІащ Сталинград дэт заводым.

**♦1940 гъэм** Горьковскэ областым хыхьэ Мещеры къуажэм «дыжьын уэшх» къыщешхат. XVI-XVII лІэщІыгъуэхэм зекІуэ дыжьын ахъшэ жыгъэ миным нэблагъэ уэшхым къриІъэсэхат.

**♦1940 гъэм** советыдзэхэр Латвиемрэ Эстониемрэ ирашащ.

**♦1941 гъэм** Германием Іэщэкіэ зэщІэуэзда и дзэхэм я унафэщІ нэхъыщхьэм унафэ ищІащ мэкъуауэгъуэм и 22-м и пщэдджыжьым «Барбароссе» планыр гъэзэщІэным яужь ихьэну.

**♦1955 гъэм** япэу уэгум ихьащ цІыхухэр къызэрыраШхІ Ту-104 кхъухьтыатэ лъэщыр.

**♦1961 гъэм** Налшык экранышГхэу зиІэ «Восток» кинотеатрыр къыщызэІуахащ.

♦Совет усакІуэ, драматург, Лениным и щІыхькІэ яГъэувауэ щыта саугъэтыр зрата **Светлов Михаил** (и унэцІэ дыдэр **Шейнкманщ**) къызэралъхуэр илъэси 114-рэ ирокъу.

♦СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, дунейм шахматымкІэ и чемпион **Петросян Тигран** къызэралъхуэр илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Мысырым щыщ дипломат, жылагъуэ лэжьакІуэ щІэрыІуэ, Нобель и саугъэтыр зрата **Мохаммед эл-Барадеи** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и артист, «Кабардинка» ансамблым и къэфакІуэу щыта **КІэш Фёдор** къызэралъхуэр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦УФ-м и цІыхубз артисткэ, Урысейм и Къэрал саугъэтыр тІэунейрэ зыхуагъэфэща **Захаровэ Александрэ** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 18 - 20-рэ, жэщым градус 12 - 14 щыхъунущ.

Мэкъуауэгъуэм и 18, *тхьэмахуэ*

**♦Азербайджаным щагъэлъапІэ цІыхум и хуитныгъэхэм я махуэр**

**♦Молдовэм и тхыдэджжэм я махуэщ**

**♦1761 гъэм** Урысей империем унафэ къыщащтащ къэралым къулыкъу хуэзыщІахэм пенсэ яхуэгъэувыным теухуауэ.

**♦1815 гъэм** Инджылызымрэ Пруссиемрэ я дзэхэм Бонапарт Наполеон и армэр Ватерлоо къалэ цІыкІум деж щыІэтракъутащ.

**♦1889 гъэм** США-м щыщ Ричардсон Уильям къигупсысащ сабийхэр къызэрырашхІ гу цІыкІу.

**♦1936 гъэм** дунейм ехьжащ совет тхакІуэ, драматург, жылагъуэ лэжьакІуэ Горький Максим.

**♦1946 гъэм** Италиер Республикэ хъуащ.

**♦1955 гъэм** «Юность» журналым и япэ номерыр къыдэкІащ.

**♦1956 гъэм** Налшык музыкэ училищэ къыщыдзэІуахащ.

**♦1960 гъэм** дунейм къытехьащ тхьэмахуэм зэ къыдэкІ «За рубежом» журналым и япэ номерыр.

**♦1974 гъэм** дунейм ехьжащ дззэешэ цІэрыІуэ, къэрал лэжьакІуэ, Совет Союзым и Маршал Жуков Георгий.

♦Урысей актёр, режиссёр, СССР-м и цІыхубэ артист, УФ-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща, къэрал академическэ Театр ЦІыкІум 1988 гъэ лъандэрэ и художественнэ унафэщІ **Соломин Юрий** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Сурэтыщі-живописец **Индрис Залымхъан** къызэралъхуэр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Инджылызым щыщ музыкант, уэрэджыІакІуэ, композитор, дуней псом цІэрыІуэ щыхъуауэ щыта «Битлз» гуп цІэрыІуэр къызэзыгъэпэщахэм яхэта Маккартни Пол и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

**♦1949 гъэм** къалъхуащ **Качиньский** зэхъуэш зэтІолъхуэныкъуэхэу **Лехрэ** (Польшэм и президенту щытащ, 2010 гъэм мэлыжьыхьым и 10-м Смоленск пэмыжьыжьэу кхъухьлъатэ къыщыщехуэхам хэкІуэдахэм ящыщщ) **Ярославрэ** (Польшэм и премьер-министру щытащ).

♦Удмуртием и Іэтащхьэ **Соловьев Александр** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦Химие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Ало Владимир** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦Эстрадэм и артист, уэрэджыІакІуэ, нэтынхэр езыгъэІуэкІ **Галкин Максим** и ныбжьыр илъэс 41-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуу щыщытынущ, уэзыр къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 21-рэ, жэщым градус14 -16 щыхъунущ.

Мэкъуауэгъуэм и 19, *блыщкъэ*

**♦США-м щагъэлъапІэ пщыІэхэр хуит щыхъужа махуэр**. 1862 гъэм США-м и президент Линкольн Авраам Іэ тридзащ я къэралым щылІагъэр щымыгъэІэжьынымрэ теухуа законым.

**♦УФ-м щагъэлъапІэ Медицинэ лэжьакІуэм и махуэр**

**♦Журт автономнэ областым щагъэлъапІэ я гербымрэ ныпымрэ я махуэр**

**♦Алжиримрэ щагъэлъапІэ я революцэм и махуэр**

**♦Кувейтым и щхьэхуитныгъэм и махуэщ**

**♦1920 гъэм** РСФСР-м и ЦІыхубз комиссархэм я советым щІэныгъэншагъэр гъэкІуэдыным теухуа урысейпсо комиссэ къызэригъэпэщащ.

**♦1991 гъэм** советыдзэхэр Мэжэрым (Венгриием) къишыжьын яухащ.

♦Совет тхакІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъжь, Лениным и цІэр зезыхьэ саугъэтым, СССР-м, Белоруссием я Къэрал саугъэтхэм я лауреат **Быков Василь** къызэралъхуэр илъэс 93-рэ ирокъу.

♦УФ-м и цІыхубз артисткэ **Селезнёвэ Наталье** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Совет хоккеист цІэрыІуэ, къэралым и гуп къыхэхам и гъуащхьэтету щыта, Олимп джэгуэхэм дыщэ, дыжьын медалхэр къыщызыхьа, СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер **Мышкин Владимир** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦Хоккеист цІэрыІуэ, Совет Союзым и гуп къыхэхам хэту Олимп джэгуэхэм тІэунейрэ щытекІуа, зэ дыжьын медаль къыщызыхьа, СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер **Макаров Сергей** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист, республикэм и Правительствэм и саугъэтыр зрата **Бищіо Іэсият** къыщалъхуа махуэщ.

♦Норвегием щыщ спортсмен **Дели Эрленд Бьёрн** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу. ЛыжкІэ къызэдэжэн спорт лІэужьыгъуэм абы щиІэ ехъулІэныгъэхэм хуэдэ къыхьын зыхуэзэфІэкІа зэкІэ дунейм щыІэкъым. Ар Олимп Джэгуэхэм 8 щытекІуащ, дунейм бгъуэнейрэ и чемпион хъуащ.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуу щыщытынущ, уэзыр тІэкІу къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 22-рэ, жэщым градус 14 - 16 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ДЖЭТОКЪУЭ Залинэщ.**

● Хэхыныгъэ-2018

# Зи узыншагъэм сэкъат иІэ цІыхухэм гулъытэ хэха хуащІ

**Налшык щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм и хэщІапІэм щекІуэкІащ 2018 гъэм и гъатхэпэм Урысей Федерацэм и президент хэхыныгъэ екІуэкІынум теухуа зэІущІэ. УФ-м и Конституцэм ипкъ иткІэ, къэралым и Іэтащхьэр хахынущ илъэсих ПаІъэкІэ.**

ЗИ УЗЫНШАГЪЭМ сэкъат иІэ цІыхухэм хэхыныгъэхэмкІэ яІэ хуитныгъэхэр къызэгъэпэщыным тепсэлъыхьащ къалэм и хэхакІуэ комиссэм хэтхэмрэ Ныкъуэдыкъуэхэм я урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я щІыпІэ къудамэхэм я нэІэ трагъэтыныр зи къалэн абы и лэжьакІуэ гупымрэ.

ЗэІущІэм и пэщІэдзэу Налшык къалэм и щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм и тхьэмадэ Щомахуэ Феликс, КъБР-м и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІ Джэш Вячеслав къыхуищІа къалэныр игъэзащІэу, фІыщІэ тхьилъ иритыжащ хьэрычэтыщІэ, Іэ иІэтыну хуитныгъэ иІэу Налшык къалэ хэхакІуэ комиссэм хэт УанащІэ Заур - 2016 гъэм фокІадэм и 18-м, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэр, щІыпІэ самоуправленэм и органхэм я депутатхэр щыхахьи жыджэру зэрыхэтам папщІэ.

Щомахуэ Феликс зэІущІэр зытеухуам и гугъу щищым, къыхигъэщащ зи узыншагъэм сэкъат иІэ цІыхухэр ГащІэм жыджэру хэтыным и зы Іэмалу къэпльытэ зэрыхъунур хэхыныгъэхэр, икІи абыкІэ яІэ хуитныгъэр хаухуэгъэзэпэщыным я къалэнхэм зэрыщыщыр. Мыбы и лъэныкъуэкІэ щыІэ гугъуехьэхэр зэхэгъэкІын, щІапхъэр убзыхун зэрыхуейр жиІащ къэпсэльам.

Налшык къалэ хэхакІуэ комиссэм ныкъуэдыкъуэхэм я урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я щІыпІэ къудамэхэм я нэІэ трагъэтыныр си къалэн, абы и лэжьакІуэ гупым хэт Дыджэш Лидэ къызэхуэсахэр щыгъуаз ищІащ ЛъэпкъЭ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм (ООН)-м къызэрытымкІэ, ныкъуэдыкъуэхэм дунейм щыпсэухэм я процентэ 8-м щІигъу (цІыху мелуани 650-м нэблагъэ) зэрыхиубыдэм.

Урысейм зи узыншагъэм сэкъат иІэ цІыхухэр мелуани 14-м (процентэ 10) щыноблагъэ, абыхэм ящыщу мелуан 12,5-м хуитныгъэ яІэщ ерефередумэкІэ, хэхыныгъэхэм хэтыну, езыхэри хахыну.

Щомахуэ Феликс

ЦІыху мин 860-м щІигъу щыпсэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ныкъуэдыкъуэу мин 60-м нэс иІэщ.

Ныкъуэдыкъуэхэр хэхыныгъэхэм зэрыхэтыну щІыкІэр къанэ щымыІэу яубзыхуащ. Абыхэм ящыщщ апхуэдэ щыт хэхакІуэхэм ятеухуа хъыбархэр яГъэтэмэныным, участковэ комиссэхэм щыщхэр яхэту ныкъуэдыкъуэхэм я зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэм яІущІэныр. Егупсысащ нэфхэмрэ зи нэхэм фІыуэ ямыльагъуэмрэ хъыбар зэрыригъэщІэну Іэмалхэм, дэгухэм Іэпэтэрмэшкіэ епсэльэну Іэщ1агъэлІхэр къыхэхыным. Хэхыныгъэхэм егъэщІылІа хъыбархэр къыщыфІадзэ. Пенсэ фондым и Іуэхущ1апІэхэм, ныкъуэдыкъуэхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэм и къалэ къудамэхэм, библиотекэхэм, жьы хъуахэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ я унэ-интернатхэм.

Зи узыншагъэм сэкъат иІэ цІыхухэр Іэ Іэтым хэтыныр къызэрагъэпэщ1ын папщІэ участковэ хэхакІуэ комиссэхэм зэфІагъэкІын хуей лэжьыгъэр къыщыгъэлъэгъуа тхьилъ цІыкІуэхэр ягъэхьэзырац.

**УАРДЭ Жантинэ.**

*Сурэтыр* **Елькъэн Артур** *трихащ.*

# Сабиигъуэм и дуней щхъуантІэ

**Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэм траухуэ Іуэхугъуэ гуапэхэм илъэсым и кІыхьагъкІэ пащэ.**

«ЭКО-ГАРМОНИЯ» щІыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ Бабыгуей Ларисэ, Налшык къалэ округым и ЦІыхубзхэм я советымрэ «Эльбрус» кинотеатрымрэ зэщІыгъуу ирагъэкІуэкІащ «Сабиигъуэм и дуней щхъуантІэ» зыфІаща Іуэхугъуэ хьэлэмэт.

Профсоюзхэм щэнхабзэмкІэ и уардэунэм щызэхуэсат Налшык къалэ округым щыщ унагъуэ хуэмыщІахэм къахэкІа, адэ-анэхэм я нэІэм щІэмыт сабий гупышхуэ.

Псапэ зыпылъ Іуэхур кІыззэзыгъэпэща Бабыгуей Ларисэ фІэхъус псалъэ гуапэкІэ захуигъэзащ кърагъэблэгъа сабийхэм, узынщэу, гъащІэм и Іэфі Іэгъэр зыхащІэу, щІыуэпсыр фІыуэ я ялъагъуу псэуну, сабиигъуэ дахэ яІэну, гъащІэм лъэ быдэкІэ хэуэну зэригуапэр яжриаІащ. ЦІыкІуэм ехъуэхъуащ Налшык къалэ округым и ЦІыхубзхэм я советым и гуащэ Дыджэш Лиди.

ДэрэжэгъуэкІэ гъэнщІа Іуэху гуапэ езыгъэкІуэкІ режиссёр Гумэ Маринэ сабийхэм къапэплъэм щыгъуаз ищІри, «Эко-Гармония» КъБРОО-м и пресс-секретарь, химие щІэныгъэхэм я доктор Лыкъуэжь Залинэ щІыкІуэм ядригъэкІуэкІащ экологие дерсэр щІыуэпсым теухуа викторинэрэ. Абы и мурадыр къытщІохъуэ щІэблэр я лъахэм и щІыуэпсым щыгъэгъуэзэнымрэ дыкъэзыухъуреихь дуней щхъуантІэр хъумэн зэрыхуейм хуауащинымрэт.

Къыдэхуэса цІыкІуэхэм я гукъыдэжыр щхьэІэтащ артистхэу КІэмыргуей Адиссэ, Кіыщхэ Каринэрэ Ислъамрэ. НыбжьыщІэ щІыкІуэр гуфІэгъуэр я нэгум кърихыу щыздэфащ уэрэдэмрэ макъамэхэмрэ.

Дыкъэзыухъуреихь щІыуэпсым ехьэлІа упщІэхэм жыдэкІэ ирагъэкІ ираташ ныбжьыщІэхэм. Нэхъ къыхэжаныкІахэм ялъысащ тхыльрэ футболкэрэ. Апхуэдэу дэтхэнэми Іэфыкіэхэр ирагъэкІуэн Іуэху гуапэм и кІэуэху «Эльбрус» кинотеатрым яфІэгъэщІэгъуэн фильм щрагъэплъащ.

**ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

**Дыгъужьрэ пэт и гъунэгъу едыгъуэжькъым.**

● Футбол

# Саугъэт нэхъыщхьэр зеикъуэдэсхэм яІэрохьэ

**Тэрч щІыналъэм хыхьэ Хьэмидей къуажэм иджыблагъэ щекІуэкІащ я къалэныр ягъэзащІэу хэкІуэда хабзэхъумэ Іэнатіэхэм я лэжьакІуэхэм футболымкІэ фэеплъ я зэхьэзэхуэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэ 17-м къищынэмыщІауэ, саугъэт нэхъыщхьэм щІэбэныну хэм яхэтащ Осетие Ищхъэрэ-Аланием къикІа командэ хъущ.**

ИРАГЪЭКІУЭКІА зэІущІитхуми щэч къызытумыхьэн текІуэныгъэхэр къыщахьри, пашэныгъэр яубыдащ Зеикъуэ къуажэм щыщ щІалэхэм. Ахэр егъэсэ тренер Къаскъул Ахьед. Финал зэІущІэм зеикъуэдэсхэм 1:0-у хагъэщІащ Урожайное къуажэм и футболистхэр.

Зэхьэзэхуэм и саугъэт нэхъыщхьэу яГъэува кубокым къищынэмыщІауэ, япэ увыпІэр къэзыхьахэм къалъысащ грамотэхэр, ахъшэ саугъэтхэр, гъэлъэхъу пшэр. Толджэгу нэхъыфІу къалъытащ Зеикъуэ щыщ Лосэн Мухьэмэд.

**КЪЭХЪУН Бэч.**

## Пщэдей Медицинэм и лэжьакIуэм и махуэщ

# ФIыщIэрэ щытхъурэ зыхуэфащэхэр

**Илъэс 30-м щIигъуауэ Медицинэм и лэжьакIуэм и махуэр ди къэралым щагъэлъапIэ мэкъуаугъэуэм и ещанэ тхьэмахуэм. Ар цIыхухэм я узынщагъэр, гъащIэр хъумэныжкIэ IэнатIэм пэрытхэм я махуэшхуэщ. ЩIыIэу къыщIэкIынкъым зэгуэр абыхэм я дэIэпыкъуныгъэм хуэмныкъуа.**

ДЭТХЭНЭ зы Iэщ1агъэми гъащIэм мыхьэнэшхуэ щиIэщ, ауэ ар медицинэм епхамэ, абы пылъ жэуапныIыгъэр куэдкIэ нэхъ инщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, а уиэтIныныгъэм и лэжьакIуэхэм цIыхухэм я узынщагъэр, я гъащIэр хъумэныжкIэ IэнатIэм пэрытхэм я махуэшхуэщ. ЩIыIэу къыщIэкIынкъым зэгуэр абыхэм я дэIэпыкъуныгъэм хуэмныкъуа.

ДЭТХЭНЭ зы Iэщ1агъэми гъащIэм мыхьэнэшхуэ щиIэщ, ауэ ар медицинэм епхамэ, абы пылъ жэуапныIыгъэр куэдкIэ нэхъ инщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, а уиэтIныныгъэм и лэжьакIуэхэм цIыхухэм нэхъ пылъ пылъ дыдэу иIэр - и узынщагъэр, и гъащIэр - дзыхь хуащI. Абы кьыхэкIыу я Iэзэгъэм, щIэныгъэм хагъахьэу зэпыту екIуэкIын хуейщ, медицинэм щIэуэ кьыхьыхь псори я лэжьыгъэм нэсу кьыщагъэсэбэпыфын хуэдэу. Дэтхэнэ зы унэтIныныгъэми хуэдэу, медицинэми зэхъуэкIныныгъэхэр кьыхьихьащ, псынщIэу зызыхъуэж зэманым кьыздихьащ узыр псынщIэу, щыуагъэншэу къэхутэныкIэ сэбэпышхуэ хъу Iэмэпсымэщ1э куэд. Апхуэдэу щытми, сымаджэм и лэжьакIуэжкIэ нэхъыщхьэр дохутырым и гу щабагъэщ, псэ кьабзагъэщ, и гущIэгъэщ, и зэхэщIыкIыщ, и псалъэ гуапэхэрщ. Мис ахэр псори зэуIуу хэлъын хуейщ медицинэм и лэжьакIуэ нэсым.

Узынщагъэр хъумэныжкIэ IэнатIэр иджы къэрал политикэм щагъэнэхъапэхэм ящыщщ. Ди республикэр къэтщтэнщи, иужьрей илъэсхэм абы зэхъуэкIныныгъэфIэкIэр зэхъуэхуауэ: медицинэ Iэщ1ыпIэщIэкIэр нуэхуащI, куэдым зэгъэпщэжыныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэжIуэкIащI, ахэр иджырей IэмэпсымэхэмкIэ кьызэрагъэпэщ, щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ Iэщ1агъэлIхэр гъэхьэзырынми гулыIэ хуащI.

Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм, дауи, кьегъэлъагъуэ цIыхухэм узынщагъэ быдэ яIэу псэуным хуэунэтIа лэжьыгъэ купщIафIэ егъэкIуэкIыныр къэрал политикэм щагъэнэхъапэхэм зэращыщыр.

Медицинэм и лэжьакIуэ псоми я махуэшхуэмкIэ дохъуэхъу. ЕхъулIэныгъэ, узынщагъэ быдэ яIэу, фIыщIэмрэ щытхъумрэ щымыщIэу, цIыхухэр кьахуэарэзыуэ я лэжьыгъэм и хъер ялъагъуу я Iэнатl э мытыншыр ирахьэкIыну ди гуапэщ.

**ТХЬЭХУЩIНЭ Ланэ.**

# Дауэ щытыкIэ щхьэхуэм укъызэрикIынур?

● Щапхъэ

**Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым медицинэмкIэ и факультетым щеджэ студентхэм я деж хирургиемкIэ олимпиадэ щекIуэкIащ. Ар къызэригъэпэщащ университетым медицинэмкIэ и къудамэм факультет эндоскопие хирургиемкIэ и кафедрэм.**

ЗЭПЕУЭМ гупитху хэтащ: «Адреналин», «Дилетант», «Шнапс», «Секрет Бэрри», «Insungery».

Зэхьэзэхуэр гъэщIэгъуэну екIуэкIащ. Ялъыхьэм - «Нобэ сыстудентщ, пщэдей сыдохутыр-хирургщ» фIэщыгъэ зиIэм гупым хэтхэм къэпщытакIуэхэм зыкъыщырагъэщIыжхэм зэпеуащ. Псом хуэмыдэу гъэщIэгъэун хъуат хирург Iэщ1агъэр къызхэуа ныбжьыщIэхэм я щхьэхуэхэм уIэгъэр зэгуэдэжыным зэрыхуэIэкIуэлъэкIуэр кьыщагъэлъэгъуа зэхьэзэхуэр. Абыхэм я зэфIэкIыр зыхуэдэр наIуэ кьащIащ былым лъакъуэм телъ «уIэгъэр» зэгуадэжкIэрэ. Зэпеуэм и иужьрей Iыхьэр хухахат щытыкIэ щхьэхуэхэм зыкъыриныу щыкIэхэр къэгъэлъэгъуэным.

Студентхэм я зэфIэкIыр къапщытащ факультет, эндоскопие хирургиемкIэ кафедрэм и ассистентхэу Къардэн Марьянэрэ Ачабаевэ Айшатрэ, госпитальнэ хирургиемкIэ кафедрэм и доцент Сэхъту Любовь, общэ хирургиемкIэ кафедрэм и доцент Бозий Артур сымэ.

Зэпеуэм кьрикIуахэм япкъ иткIэ текIуэныгъэр кьахьащ «Дилетант» гупым. ЕтIуанэ хъуащ «Секрет Бэрри»-р. Ещанэр хуагъэфэщащ «Адреналин»-м.

**СОЛГАЛОВЭ Наталье.**

● Япэ итхэр

# Курыт IэщIагъэлI нэхъыфI

**Нарткъалэ дэт унэтIныныгъэ зыбжанэ зиIэ районхэм зэдай сымаджэщым иджыблагъэ щекIуэкIащ 2017 гъэм и курыт медицинэ лэжьакIуэ нэхъыфIыр къыщахутэ зэпеуэ. Ар хуэгъэпсат Медицинэм и лэжьакIуэм и махуэмрэ сымаджэщым и корпус нэхъыщхьэр къызэрызэIуахрэ илъэс 50 зэрырикъумрэ.**

ЗЭПЕУЭМ и къалэн нэхъыщхьэр районым узынщагъэр хъумэныжкIэ и Iэнатlэм курыт медицинэ щIэныгъэ зиIэ и Iэщ1агъэлI нэхъыфIхэр наIуэ къэщIынырц, абыхэм я Iэзэгъэм хагъэхъуэным тегъэгушхуэнырц, творческэ бгъэдыхьэкIэ лэжьыгъэм хуаIэу егъэсэнырц.

Зэхьэзэхуэм хэтащ сымаджэщым и Аруан, Лэскэн къудамэхэм щылажьэу курыт медицинэ щIэныгъэ зиIэ Iэщ1агъэлIи 8. Ахэр рентгенолаборант Темыркъан Каринэ (рентген щащI къудамэ), медсестрахэу Къандэхъу Заретэ (гинекологие къудамэ), Дзыхьмыщ1 Каринэ (медицинэ реабилитацэмкIэ къудамэ), Къалмыкъ Дианэ (терапие къудамэ №1), Шорэ Марианнэ (терапие къудамэ №3), Архэст Анитэ, Хьэмыкъуэ Рометэ (неврологие къудамэ №2), фельдшер Хьэту Маринэ («Медицинэ дэIэпыкъуэгъу псынщIэмкIэ» къудамэ №1) сымэ.

- Шэч хэлъкъым мыпхуэдэ зэпеуэхэм Iэщ1агъэм и пщIэр къызэрагъэтым икIи нэхъыбэ къэпщIэныжкIэ, уи зэфIэкIым зебгъэужьныжкIэ къалэнэшхуэ зэрагъэзащIэм, - жиIащ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэм и къуэдзэ **Гъащтэ Татьянэ**. - Дэ дрогушхуэ ди лэжьакIуэ нэхъыфIхэм. Ахэращ - медсестрахэм, акушерхэм, лаборантхэм, фельдшерхэм - дохутырхэм къащта унафэр гъэзэщIэнэр зи пщэ кьыдахуэр. Абыхэм я Iэзагъэм, жэуапныныгъэ яхэлъым куэдкIэ елъытащ сымаджэм и узынщагъэр зэрызэтеувэжьнур.

Сымаджэщым и медсестра нэхъыжь, КъБР-м узынщагъэр хъумэныжкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Понэж Нурэ** зэпеуэм хэтхэм яжриащ ахэр щIыхь зыпылъ Iэщ1агъэ зэпеуэрытым икIи ехъэзхъуащ екъулIэныгъэхэр яIэну.

Зэпеуэр Iыхьэ зыбжанэу зэщхьэщхьауэ щытащ. Ялъ Iыхьэм абы хэтхэм я щхьэм, я Iэщ1агъэм, здэщыIэ къудамэм, я лэжьыгъэм зыщрихьэлIа Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэнхэм щытепсэлъыхь видеоролик утыку кьрахьащ. Абы кьыкIэлъыкIуэу санитар-эпидемиологие хабзэхэм теухуа упщIэхэм жэуап иратащ. ЩытыкIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къызэрикIынум теухуа дерсхэр гъэзэщIэныр нэхъ гугъуу кьыщIэкIащ. Псалъэм папщIэ, абыхэм кьапэщылът узыр зыхуэдэр ахэхутэну икIи пIалъэ кьыхэмыкIыу зыхуеину дэIэпыкъуныгъэр яубзыхуну. Зэпеуэм хэтхэм я Iэщ1агъэм зэрыхуэIэкIуэлъакIуэм и закъуэтэкъым кьаргъэлъэгъуэну кьапэщылъыр, атIэ я пщэфIэкIэр зыхуэдэри наIуэ я кьащIын хуейт. Шэныныгъэр гъэхьэзырныр унэ лэжьыгъэу яIат, ауэ кьэпщытакIуэ гупым жраIэн хуейт абы узынщагъэмкIэ сэбэпынагъэу иIэр, сыт хуэдэ узыфэм деж ар пшхыну нэхъ зэгъэми. Апхуэдэу медицинэм и лэжьакIуэхэм утыкум щагъэлъэгъуащ я творческэ зэфIэкIхэр зыхуэдэри. Абыхэм жаIа уэрэдхэм, ягъэзэщIа кьафахэм, ягъэльагъуэ теплъэгъуэхэм, джэгуэм махуэшхуэр щIэщыгъуэ икIи дахэ ищIат.

КъэпщытакIуэхэм кьапэщылъыр - фIым и фIыжьыр къыхэхыныр - Iуэху тынштэкъым. Ахэр зэчэнджэщыжьри, здзэарэзыуэ япэ увыпIэр хуагъэфэщащ **Хьэту Мадинэ**. ЕтIуанэр здагъэушащ **Дзыхьмыщ1 Каринэрэ Архэст Анитэрэ**. Ещанэ увыпIэр кьихьащ **Хьэмыкъуэ Рометэ**. Зэпеуэм хэтэ псоми щыIэхь, фIыщIэ тхьилъхэр, удз гъэгъахэр иратащ. ТекIуэкIэр ахъшэ саугъэткIэ ягъэпэжащ, мыдрейхэм тыгъэ лъапIэхэмкIэ яхуэупсащ.

Зэпеуэм хэтахэм, кьызэгъэпэщакIуэхэм фIыщIэ хуащIащ псом хуэмыдэу профсоюз комитетым и тхьэмадэ Цомаев Руслан, икIи кьыхагъэщащ апхуэдэ зэхьэзэхуэ нэхъапэм республикэм зэрыщемыкIуэкIар.

**ДУДЕЙ Заремэ.**

# БАЛЪКЪЭР Щамил: Сэ згъэхъужа цIыхум адыгэ хъуэхъу къызжиIэу зэхэсхыныр си дежкIэ куэд и уасэщ

● Ди псэлъэгъуэхэр

***ЦIыхум зыпэрыт IэнатIэр фIыуэ илъагъуэ, абы ехъулIэныгъэ щиIэнуц, пщIэи кьыхуихьынущ. Абы и лъэныкъуэкIэ щапхъэщ Щэджэм район сымаджэщым нэм щеIэзэ и къудамэм и дохутыр, Налшык къалэ дэт Республикэ клиникэ сабий сымаджэщым консультанту щыIэ, ЩIэныгъэр щыхагъахьуэ институтым дохутырхэмрэ медсестрахэмрэ лекцэ къахуеджэ Балъкъэр Щамил. Ар зэIэзэхэм ящыщ зым и фIыщIэ псалъэрщ мы тхыгъэм къежьапIэ хуэхъуар.***

***Балъкъэр Щамил хэхэс адыгэхэм я щIэблэщ, ар Сирие Республикэм и къалащхьэ Дамаск къыщалъхуащ. Хэкужьыр зи плъапIэу псэу абы и адэ-анэхэу Умаррэ Бахиджэрэ хуэунсагIэу яIэт я лъэпкъым и къуэпсыр къыщежьэ щIыналъэр я биным ирагъэгъуэтыжыну. Нобэ Щамил ди псэлъэгъуэ:***

- ДИ АДЭ-АНЭМ сытым дежи хэкум и гугъу къыхуащIырт, абы нэхъ щIыпIэ дахэ щымыIэу къыхуаIуатэрт. Дамаск щыIэхэт Адыгэ Хасэм езыхэр екIуэлIэрти, Хэкужьым кьыкIыу хьэщIэ кьэкIуамэ, сабийхэри дашэурэ ахэр дагъэлъагъурт, абыхэм жаIэм дыщIагъэдэIурт. 1981 гъэм ахэр япэу кьэкIуат я адэжь щIыналъэм. Мис абы щыгъуэм мурад быдэ ящIат гуващIэхамли кьагъэззэжыну. «Бынхэм я нэхъыжьыр курыт школ нэужьым Налшык еджапIэ догъакIуэ, абы кьыкIэлъыкIуэу курытыр, нэхъыщIэм кьыщиухкIэ зэрыунагъуэу зыкъыдоIэтри докIуэж Хэкум», - жаIэри быдэу траухуат. Апхуэдэуи кьэхуащ, 1995 гъэм ди унагъуэм псэупIэ хуэхъужащ адажь щIыналъэр.

Быным я нэхъыжьыр сэрати, сэ лъагъуэхэш сыхъуащ, 1989 гъэм сыкъэкIуэжащ. Хэкум еджапIэ ущыщIэтлъсхьэн и пэ урысыбзэр щызрагъащIэ подкурсыр кьэбухьын хуейти, апэу Мэхъэчкъалэ сыкъакIуэри, зы илъэскIэ абы бзэр щызыджащ, 1990 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым медицинэмкIэ и къудамэм сыщIэтIысхьащ. Ар 1996 гъэм зэхэхри, интернатурэр Щэджэм район сымаджэщым щесхьэкIащ. Абы иужькIэ а сымаджэщым нэм щIэлъэз и къудамэм лажьэн щыщIэздзащ. 2007 гъэм сызэрагъэлажьэм хуэдэуэ Ростов къалэм аспирантурэм сыщыщIэтIысхьэжри, 2009 гъэм Москва щыIэ Гельмгольц и щIэр зезыхьэ, нэ узыфэхэмкIэ щIэныгъэ-кьэхутакIуэ институтым си кандидат лэжьыгъэр щыпхызгъэкIащ.

Ди адэ-анэм зэраубзыхуауэ, сэ кьыскIэлъыкIуэу си сыхьэ щIэрыщ кьэкIуэжащ. Абы Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академиер ящихащ, иужькIэ КъБКъУ-м юрист Iэщ1агъэри щызригъэгъуэтыжащ. Си шыпхъу Нанси КъБКъУ-м инджылызыбзэмкIэ и къудамэм щеджащ.

**- Щамил, укъыщыхъуа, уи псэупIэр щызэтеувауэ екIуэкI къэралыр къэбгъанэу, ар уи адэжь хэкуу щытми, нэгъуэщI щыналъэм щIэрыщIэу уи гъащIэр щызэтебгъуэжыныр тынщкъым. Абы и лъэныкъуэкIэ фыкъызыздэкIуэжам дауэ фаехэзэгъэжа?**

- Пэжщ, тынщакъым, ауэ ди адэм ищIа мурадыр быдэт, Хэкужьым и кьуэпс щидзыжыныжкIэ сыт хуэдэ гугъуехьми хуэхьэзырт. Ди Iуэхур кьэтщигъэпсынщIащ си адэ-анэр нэхъапэу кьыщыкIуам мыбыкIэ щыIэ я благъэхэр кьагъэзытыжауэ, зэпыщIэныгъэхэр яIэу зэрыщытам. ИтIанэ си кьэушымрэ сэрэ нэхъапэ дыкъэкIуати, ныбжьыгъуэхэри диIэ хъуат. Мис абыхэм зэрыхъум хуэдэурэ чэнджэщкIи Iуэхуки зыкъытщIагъакьуэурэ ди псэукIэр тэмэму зэтеуващ.

**- Хэкум и хъыбархэм щIапIыкIа уэ япэу ар щыплъэгъуам сыт зыхэпщIар?**

- Абы щыгъуэм иджы хуэдэу занщIэу Налшык укъакIуэртэкъым. Япэу Москва сыкъэкIуаIэри, абы тхьэмахуэкIэ сыдэсащ. ИтIанэ урысыбзэр щызэзгъэщIэну подкурсым сыщIэтIысхьэн хуейти, Мэхъэчкъалэ кIуэнухэм сахэхущ. ФокIадэм и 1-м еджэн щIэддзащ. Налшык а илъэсым и жэпуэгъуэ мазэм сыкъэкIуащ. Мэхъэчкъалэ кьикIыу Налшык кьакIуэ автобусыр Осетие Ищхъэрэ - Аланием и щIыналъэм кьихьэри Владикавказ щеджэ адыгэ студент гуп кьитIысхьащ. Хэкур зэуэ спэгъунэгъу кьысхуащIат абыхэм. Мэхъэчкъалэ щеджащ адыгэ щIалэхэр, ахэри зэзгъэщIыхуат, ноби дызэныбжьыгъуу дыкъызэдогъуэгурыкIуэ. Аруэ автобусым а гупыр адыгэбзэкIэ псалъэу кьыщихьэм гурыщIэ лъагэ гуэр си гум кьыщагъэушат. Хэкум теухуауэ сызэрыщыкIуэр зыхэсхамрэ сльагъуамрэ зззгъапщэмэ, абы и дахагъэм и гугъу щащIым зыкIи ирагъэлеягъэкъым. Хьыбархэм зэрыхэтам хуэдэт си нэгу щIэкIыр, уеблэмэ мыкъэ дахэмэ. ГукIи псэкIи зыхэсщIащ ар сызэрейр. ЦIыхухэм я деж щызыхэсщIа гуапагъэри сщыгъупщакъым. СыткIи кьытщIэупщIэу, «къэкIуэжхэр нэхъыбэ фIыхъужарэт, псоми къэвгъэззэж», - жаIэу апхуэдэт. ЖысIэнэращи, си Хэкум щыпсэухэр гу къабзэщ, псэ хьэлэлщ.

**- Дохутыр Iэщ1агъэр дауэ къыхэпхат, Щамил?**

- ЕтIуанэ классым сыщIэсу ди анэм и нэр операцэ ящIат. Абы и нэр пхауэ нэм къэкIуэжауэ щыслъэгъуам, си гум ислъхьат балигъ сыхъумэ, я дохутыру седжэнурэ си анэм сеIэзэнущ жысIэри. ИкIи абы сыхуэкIуащ, нэгъуэщI Iэщ1агъэ ззэгъэгъэтыну зэи сигу кьэкIакъым.

**- Ди республикэм и офтальмологие Iэнатlэр нобэ сыт хуэдэ щытыкIэм ит?**

- Нэхъыщхьэращи, а Iэнатlэм пэрытщ Iуэхум хэзыщIыкI Iэщ1агъэлIхэр. Операцэхэр фIы дыдэу зыщI хирург-офтальмолог цIэрыIуэхэр диIэщ. А уиэтIныныгъэмкIэ ди зэфIэкIхэм я щIыхьэтщ нэгъэущI республикэхэм, псалъэм папщIэ, Дагъыстэным, Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Шэшэным, Ингушым, апхуэдэу Москва къикIыурэ я нэхэр ягъэхъужыну цIыху куэд ди деж кьызэрыкIуэр.

**- Фи сымаджэщым некIуалIэхэм сыт хуэдэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэфщIэрэ?**

- Узыфэр зыхуэдэр кьыдохутэ, хущхьэурэ мастэкIэ зэфIэкIынымэ, апхуэдэу доIэзэ. Операцэ хуеймэ, ари дощI, зэрызэкIэлъыплъыжынум теухуауэ чэнджэщхэр ядот.

**- Нэ узыфэхэр дауэ къызэрежьэр? Абыхэм ящыщу цIыхухэр нэхъыбэу зыгъэтхьэусыхэр сыт хуэдэ?**

- Ар узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэм кьыхокI. Псалъэм папщIэ, тхьэмбыл, фошыгъу узхэм, Iэпкълъэпкъым кальций хуримыкъумэ, нэм удын игъуэтамэ, нэгъуэщIхэми. Абы кьищынэмыщIауэ, нэм дежкIэ зэранигъэшхуэ кьашэ иужьрей зэманым ди гъащIэм кьыхьыхьа техникэ Iэмэпсымэхэу компьютерым, жып телефоным, планшетым. Псом нэхърэ нэхъ Iей дыдэр жып телефонырщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ ар жэщи махуи яIэщIэкIыркъым цIыкIуэм. Адэ-анэхэм я нэхъыбэм сабийр зэрытрагъэуар аращ, абыкIэ я быным я зэран зэрекIыр кьагурымыIуэу.

Иджыпсту катарактэкIэ зэрдж узыфэм нэхъ дрохьэлIэ. Ар Iэпкълъэпкъым щекIуэкI зэхъуэкIныныгъэхэм кьыхокI. Катарактэр операцэ пщIыуэ нэджыджыр зэхъуэкIын хуейуэ аращ. Глаукомэ яIэу зыкъытхуэзыгъаззэкри мащIэкъым. Ар кьызыхэкIыр нэм епха лъы дзуейирщ. Кьапщтамэ, ар нэхъ шынагъуэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ уз хэтIэсауэ кьыпхуонэри. Абы пIалъэкIэрэ еIэзэн хуейщ. А узыр зиIэхэм сымаджэщым щыщIэкIыжкIэ зэрызыкIэлъыплъыжынум теухуа чэнджэщхэр ядот. Пэжщ, сымаджэ псори жэуаплынигъэ пылъу Iуэхум бгъэдыхьэркъым. Абыхэм кьытрагъэзэж нэм епха лъы дэуейр лъагэу. Махуит!-щы щIэлъа нэужь, ар и пIэ йоувэж. Абы кьикIыр сыт? Унэм хущхьэур я нэм тэмэму щыщIагъаткIуэркъым.

**- Нэхъыбэу фи деж некIуалIэхэм я ныбжьыр сыт?**

- Пэжыгъэм сыщыпэрыувагъащIэм, нэхъыбэу сыздихьащ. Ар ныбжьыгъэр. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, иджы сабийуэ, ныбжьыщIэу ныткуашэр куэд хъуащ. Шэч хэмылъу, абы и щхьэусыгъуэр, нэхъапэкIэ зи гугъу щIа компьютерыр, жып телефоныр, планшетыр зэман куэдкIэ кьызэрагъэсэбэнырщ.

**- Уэ узэрелъымкIэ, сыт абыкIэ хэкIыпIэу щыIэр?**

- Сабийжэм ехьэлIауэ адэ-анэхэм сытым дежи яжызоIэ телефоныр абыхэм Iэщ1ахыну, чэнджэщхэр тхьилъымпIэм тету ядот. Абы и лъэныкъуэкIэ хабзэ пIуухьэкIахэр щыIэщ. Кьапщтэмэ, илъэситхум нэсыхуэкIэ телефонми компьютерми щыхъумэн хуейщ. АдэкIэ абы кьыщыгъэлъэгъуащ сабийхэм я ныбжь елъытауэ а Iэмэпсымэхэр махуэм кьызэрагъэсэбэн хъуну сыхьат бжыгъэр.

Псом хуэмыдэу уи нэхэр зэрещар щызыхэпщIэр пщыхьэщхьэращ. А зэманым дежщ цIыхухэм нэхъ ерыщу социальнэ сайтхэр кьыщагъэсэбэныр, жащ ныкъуэ хъуухьэ хэти компьютерым бгъэдэсщ, хэти планшетымрэ телефонымрэ иIыгъщ. Апхуэдэ щыкIэкIэ я нэхэр Iисраф ящI. Мазэмрэ жэщымрэ зэхэхауэ Тхьэм кьыщIидзэщIар, апэм уи Iуэху зэфIэбгъэкIын, етIуанэм зыбгъэпсэхун щхьэкIэщ. Иджыпсту цIыхухэм глаукомэ узыфэр щаIэр илъэс 40 нэужьырщ. Ауэ апхуэдэурэ кIуэмэ, а илъэс бжыгъэр кьэхьынущ.

**- Нэм лажьэ зэрИр зэрищIэну сыт хуэдэ нэщэнэхэр зыдилъагъужын хуей цIыхум?**

- Зэрилъагъум мащIэкIэ кIэричауэ кьызэрищIэу дохутырым и деж кIуэн хуейщ. Апхуэдэу зыгуэр нэм кьыщIэуэру кьыщыхъумэ, щIисыкIмэ, нэпс кьыщIэжмэ, зригъэплъыпхъэщ. ЖысIэнэраци, зы мыхьэнэншкIэ дагъуэ гуэр и нэмкIэ зыхуащIыжмэ, дохутыр зригъэплъмэ нэхъыфIщ. Уи ныбжьыр кьудамэ №21, Шорэ Марианнэ (терапие къудамэ №3), Архэст Анитэ, Хьэмыкъуэ Рометэ (неврологие къудамэ №2), фельдшер Хьэту Маринэ («Медицинэ дэIэпыкъуэгъу псынщIэмкIэ» къудамэ №1) сымэ.

- Шэч хэлъкъым мыпхуэдэ зэпеуэхэм Iэщ1агъэм и пщIэр къызэрагъэтым икIи нэхъыбэ къэпщIэныжкIэ, уи зэфIэкIым зебгъэужьныжкIэ къалэнэшхуэ зэрагъэзащIэм, - жиIащ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэм и къуэдзэ **Гъащтэ Татьянэ**. - Дэ дрогушхуэ ди лэжьакIуэ нэхъыфIхэм. Ахэращ - медсестрахэм, акушерхэм, лаборантхэм, фельдшерхэм - дохутырхэм къащта унафэр гъэзэщIэнэр зи пщэ кьыдахуэр. Абыхэм я Iэзагъэм, жэуаплныныгъэ яхэлъым куэдкIэ елъытащ сымаджэм и узынщагъэр зэрызэтеувэжьнур.

Сымаджэщым и медсестра нэхъыжь, КъБР-м узынщагъэр хъумэныжкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Понэж Нурэ** зэпеуэм хэтхэм яжриащ ахэр щIыхь зыпылъ Iэщ1агъэ зэпеуэрытым икIи ехъэзхъуащ екъулIэныгъэхэр яIэну.

Зэпеуэр Iыхьэ зыбжанэу зэщхьэщхьауэ щытащ. Ялъ Iыхьэм абы хэтхэм я щхьэм, я Iэщ1агъэм, здэщыIэ къудамэм, я лэжьыгъэм зыщрихьэлIа Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэнхэм щытепсэлъыхь видеоролик утыку кьрахьащ. Абы кьыкIэлъыкIуэу санитар-эпидемиологие хабзэхэм теухуа упщIэхэм жэуап иратащ. ЩытыкIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къызэрикIынум теухуа дерсхэр гъэзэщIэныр нэхъ гугъуу кьыщIэкIащ. Псалъэм папщIэ, абыхэм кьапэщылът узыр зыхуэдэр кьахутэну икIи пIалъэ кьыхэмыкIыу зыхуеину дэIэпыкъуныгъэр яубзыхуну. Зэпеуэм хэтхэм я Iэщ1агъэм зэрыхуэIэкIуэлъакIуэм и закъуэтэкъым кьаргъэлъэгъуэну кьапэщылъыр, атIэ я пщэфIэкIэр зыхуэдэри наIуэ я кьащIын хуейт. Шэныныгъэр гъэхьэзырныр унэ лэжьыгъэу яIат, ауэ кьэпщытакIуэ гупым жраIэн хуейт абы узынщагъэмкIэ сэбэпынагъэу иIэр, сыт хуэдэ узыфэм деж ар пшхыну нэхъ зэгъми. Апхуэдэу медицинэм и лэжьакIуэхэм утыкум щагъэлъэгъуащ я творческэ зэфIэкIхэр зыхуэдэри. Абыхэм жаIа уэрэдхэм, ягъэзэщIа кьафахэм, ягъэльагъуэ теплъэгъуэхэм, джэгуэм махуэшхуэр щIэщыгъуэ икIи дахэ ищIат.

КъэпщытакIуэхэм кьапэщылъыр - фIым и фIыжьыр къыхэхыныр - Iуэху тынштэкъым. Ахэр зэчэнджэщыжьри, здзэарэзыуэ япэ увыпIэр хуагъэфэщащ **Хьэту Мадинэ**. ЕтIуанэр здагъэушащ **Дзыхьмыщ1 Каринэрэ Архэст Анитэрэ**. Ещанэ увыпIэр кьихьащ **Хьэмыкъуэ Рометэ**. Зэпеуэм хэтэ псоми щыIэхь, фIыщIэ тхьилъхэр, удз гъэгъахэр иратащ. ТекIуэкIэр ахъшэ саугъэткIэ ягъэпэжащ, мыдрейхэм тыгъэ лъапIэхэмкIэ яхуэупсащ.

Зэпеуэм хэтахэм, кьызэгъэпэщакIуэхэм фIыщIэ хуащIащ псом хуэмыдэу профсоюз комитетым и тхьэмадэ Цомаев Руслан, икIи кьыхагъэщащ апхуэдэ зэхьэзэхуэ нэхъапэм республикэм зэрыщемыкIуэкIар.

**ДУДЕЙ Заремэ.**

*НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иэщ.**



*Епсэлъар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иэщ.**

# ХьэщIэгъэкIуэтэж

**Хашэ щыхьэт**. Жылагъуэ зэхэтыкIэм ехьэлIауэ адыгэхэм я деж къыщыкIуэкIыу щыта хабзэщ. Дыгъур е щIэпхъажагъэ зылэжьар къыщIэгъэщынмкIэ щыхьэту къэува цIыхум е гуп щхьэхуэм «хашэ щыхьэткIэ» еджэрт. Псалъэм папщIэ, къуажэдэ гуэрым и пащ е нэгъуэщI мылъку фIадыгуэмэ, дыгъур хэтми зыщIэ цIыхум хэщIыныгъэ зыгъуэта унагъуэм щхьэу хьыбар яIэригъэхьэрт къуаншагъэ зылэжьар зэрицIыхум, хашэ зэрыхъуфынутеуухуауэ. Апхуэдэхэм деж хашэр ягъэлъагъуэртэкъым и цIэри къраIуэртэкъым.

Дыгъур сэтей къызэращIыр мыпхуэдэут. Хашэ и деж пщIэрэ щхьэрэ нэхъ яIэу ящыта хабзэщ. Дыгъуер е щIэпхъажагъэ зыгъэжьар къыщIэгъэщынмкIэ щыхьэту къэува цIыхум е гуп щхьэхуэм «хашэ щыхьэткIэ» еджэрт. Псалъэм папщIэ, къуажэдэ гуэрым и пащ е нэгъэщI мылъку фIадыгуэмэ, дыгъур хэтми зыщIэ цIыхум хэщIыныгъэ зыгъуэта унагъуэм щхьэу хьыбар яIэригъэхьэрт къуаншагъэ зылэжьар зэрицIыхум, хашэ зэрыхъуфынутеуухуауэ. Апхуэдэхэм деж хашэр ягъэлъагъуэртэкъым и цIэри къраIуэртэкъым.

Дыгъур сэтей къызэращIыр мыпхуэдэут. Хашэ и деж пщIэрэ щхьэрэ нэхъ яIэу къуажэм дэс лIыжьитI-щы, ефэндыри я гъусэу, ягъакIуэрти жрагъэIэрт илъэгъуар, дыгъум и цIэр. ИтIанэ лIыкIуэхэр дыгъум и деж кIуэрти хашэ щыхьэт къалэн я пщэм дэлъу зэрахуеблэгъар жраIэрт. Нэхъыжьхэм яIуатэрт мылъкур зыфIэкIуэдам хашэ зэриIэр, езыхэри абыкIэ щыхьэт зэрыхьур. Апхуэдэ щыкIэкIэ дыгъур къаумысырт.

**ХашапщIэ**. Пасэм щыгъуэ теуэ ящIрэ IэщI яхуу, мылъку ядыгъуу щыщыта зэманым щыта хабзэщ. Зыгуэрым апхуэдэ Iуэху мыщхьэпэ къращIамэ, ар зи Iэужьыр зыщIэр къакIуэрти, ищIэр, илъэгъуар къахуиIуатэрт. Хашэ хуэда цIыхум щхэр налуэ зэрищIам пэкIуэу ирату щыта мылъкум «хашапщIэкIэ» еджэрт.

**ХеящIа*.** Жылагъуэ зэхущытыкIэхэм епха псалъэщ. Къуаншагъэр зэхигъэкIыну, ар зыIэжьам тезыр тримхьэну жылэ къэс хахьу щыта цIыхущ. Иджы судыщIэкIэ апхуэдэм щIоIуэ.

**Хьэм**. Мэкъумэш лэжьыгъэм ехьэлIа псалъэщ. Гъавэр щалIуэ, щагъэкъабзэ щIыпIэ хэха.

**● Фэ фщIэрэ?**

**ХьэщIэгъэкIуэтэж**. ЦIыхухэм я зэхущытыкIэм епха хабзэщ. Адыгэхэм хьэщIэм пщIэ ин хуащIу, абы насып къыдэкIуэу яIытIу игъащIэми къоГуэгурыкIуэ. ХьэщIэр екъэжьын хуей хъуамэ, хэгъэйр шым шэсырти, ар игъэкIуэтэжырт. ЩыIэ хабзэмкIэ, хьэщIэр ягъэ зрихьэлIэ къуажэм нэс гъэкIуэтэжын хуейт.

**ХьэщIэ зыхуэщIын*.** ЛъыщIэжым пыщIауэ пасэм щыгъуэ адыгэхэм яхэлъу щыта хабзэщ. ЦIыху къыIэщIэуэкIамэ е уIэгъэ ищIамэ, Iуэхур зэхамыгъэкI щыкIэ лей къытехьэнкIэ шынэ цIыхур пщIэ, фIэлIыкI зиIэу жылэм дэс гуэрым деж кIуэрти хьэщIэ зыхуищIыну зэрыкIуар жриIэрт. Абы къикIырт апхуэдэ цIыхур хъумэн зэрыхуейр.

ХьэщIэ зызыщIамрэ зызыхуищIамрэ зэрымыцIыхумэ, зэмыныжьхэгъумэ, къызыхэкIакIэ зэхуэмыдэмэ, къыщIихуу щыIэт хьэщIэу кIуар лIыщIэу щыив. Зым ихъумэрт, адрейр абы щхьэкIэ лIыщIэрт.

**ХьэщIэпежьэ*.** ЦIыхум пщIэ хуэщIыным, гъэлъэпIэным ехьэлIауэ адыгэхэм къадекIуэкI хабзэщ.

НэгъуэщI лъэпкъхэм я лIыкIуэу е нэхъ пыIуэгъуэ псэу адыгэхэм ящыщ пщыи е уэрэкъым къыщыхуэкIуэм и деж, къуажэм къэмыс щыкIэ шу гуп абыхэм япежьэрти, хьэщIэхэм фIэхъус ирахьрт, Жылэм къыдашэрти, здэкIуэ унагъуэм ирашалIэрт. А хабзэм «хьэщIэпежьэкIэ» еджэрт.

Хабзэр ди зэманми ягъэзащIэ, еебLэмэ абы къэрал мыхьэнэи иIэ хъуащ. Къэрал, жылагъуэ IуэхуIэ къахуэкIуэ хьэщIэхэм иджы хэгъэрейхэр кхъухьлъатэтIысыпIэми, гъущI гъэзгу станцми, гъынапкIэ зэпылъхьэпIэхэми деж щаIуощIэ.

**ДУМЭН Хьэсэн.**

**КъБР-м и Президент КIуэкIуэ Валерэрэ Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Сэхъурокъуэ Хьэутийрэ УФ-м и япэ Президент Ельцин Борис кърагъэблагъэ.**

*Налшык, 2002 гъэ*

**● Зы уэрэдым и хъыбар**

Зы лъэпкъи щыIэу къыщIэкIынкъым гущэкъуэ уэрэд имыIэу. Адыгэхэми ди куэдщ апхуэдэхэр. Ахэр, зэрыгурыIуэгъуэщи, я макъамэжли я псалъэжли зэщхькъым, ауэ а уэрэдхэр я мыхьэнэкIэ, ягъэзащIэ къалэн и лъэныкъуэкIэ зэтохуэ.

Гущэкъу уэрэдхэм я макъамэхэр щабэщ, гуакIуэщ, уедаIуэ пэтми зыщумыгъэнщIу. Гур зыгъэмамыр, псэр зыгъэтыну уэрэдыпкIыщ яIэр. Абыхэм я псалъэхэм къаIуатэр анэм и уэрэпсэлIэщ. Гущэм хэль сабийр балигъ хъумэ, ар зэрилъагъуну щIэхъуэпсыр и уэрэдымкIэ къиIуатэурэ, быныр щIигъэдэIуурэ гущэр щIеупскIэ. Макъ щабэ гуакIуэм едаIуэ сабийри абы щIожеикI.

Нобэ фи пащхьэ итлъхьэ уэрэдыр зейр Мыкъуэжь Анатолэщ. Ар щIитхам и цIхьэусыгъуэмкIэ дыщеупщIым, къыджиIащ:

- Дэтхэнэ усэри уэрэдри щхьэусыгъуэ гуэркIэ тха мэхъу. Мы уэрэдымкIэ жысIэну сызыхуеяр зыщ: дунейм къытехьа си хъыджэбз цIыкIуитIым насыпу къысхуэдахьар къэзгъэлъэгъуэну, абыкIэ цIыхухэм садэгуэшэну арат. Сыхуейщ дэтхэнэ зы унагъуэми сабийм и макъ къыщIэIукIыну - ахэр ущиIэм и дежщ гъащIэм и мыхьэнэр къыщыбгурыIуэр.

**КIУНТIЫЩ-ХЬЭПЦIЭ Аннэ.**

# Гущэкъу уэрэд

**Мазэ тхьэгъу лъэныкъуэр уафэм кIэрыщIащ,**
**Вагъуэ цIыкIуэхэр щыгъэу зэбгрыщэщащ...**
**Жэщыр пщIыхь дахащэу Iупхъуэм къыззэпхощ,**
**Уэри мыщIэ цIыкIуу гущэм укъыхощ.**

**Сыт ущIемыззэгъыр, си гуфIэгъуэ щэху?**
**Щабэщ уи гущапIэр - тыншу зыгъэпсэху.**
**Жей, си дыщэ кIанэ, жэщыр зэгъэжащ,**
**Сэ си уэрэд цIыкIум хъытезгъэззэжынщ.**

*Ежьу:*

**Жей, си IэфI, си фыгъуэ,**
**Жей, си гурыфIыгъуэ,**
**Си къудамэ цIыкIуу къудажа.**
**Жей, си нэху, си дыгъэ,**
**Жей, си насып щыгъэ,**
**Си удз гъэгъа цIыкIуу къыхэжа.**

**Жей, зи насып псыпэм псышхуэ ирижэн,**
**Гъэ зэрытехьэхъуу лъапэкIэ зежэн.**
**Жей, си фыгъуэ закъуэу нэхулъэфI къысхуекIин,**
**Си гуфIэгъуэ нэпсхэр зыхущIэзгъэкIын.**

**Гъуджэм зысщыбгъэпщкIуу хъумэ уиплъэрей,**
**Сэ пхуэсщIынкъэ тыгъэу щIэ псом я лейр:**
**Мазэ тхьэгъу лъэныкъуэр къыпхуэсслъыхьуэжынщ,**
**Вагъуэ щыгъэ цIыкIуэхэр къыпхуэсщыпыжынщ.**

*Ежьу.*



**● Жыбэгъуэхэр**

## Нэхъыжь псори тхьэмадэу ягъэтIысыркъым

**♦Акъылыншэр сытым дежи нэмысымкIэ.**
**♦ТхьэмыщкIэм и тхьэусыхафэр бейм фIэдыхьэшхэнщ.**
**♦Гуапагъэу хуэщIам нэхърэ нэхъыбэж гуауэ защIэу къозыщIэжьыф уи ныбжьэгъуэхэми, уи Iыхьлыхэми къахокI.**
**♦Напэншэм и пшынэм сыт хуэдэ макъами къригъэкIыфынущ, пхуэмыхъуу джэрзэуи укъыдигъэфэфынущ.**
**♦Нэхъыжь псори тхьэмадэу ягъэтIысыркъым.**
**♦Дэ къыджьэхэмыуэмэ, адрейхэм къащIущI псори тфIэмыхьэнэнщэ.**
**♦Инагъуэм илъ зэгурыIуэныгъэр дыгъэ пэлъытэщ.**
**♦КIэух псоми пэщIэдзэ яIэщ.**
**♦ЦIыхуитI зэфIэнамэ, къуаншэр нэхъ губзыгъэращ.**
**♦Иджырей зэманым уи жыпым илъэи итIанэ псалъэ.**
**♦Шым тесыф псори шуеийкъым, еджэкIэ зыщIэ псори егъэджакIуэкъым.**
**♦ГуГъэр здэщыIэр къэкIуэну зэманырщ, аращ абы дыщIыхьэпIащIэри.**
**♦ЩIхьэм илъыр кхъэзращIэр жьэм жиIэмкIэщ.**
**♦Бзэгуэхьэм и щхъухьым хей Iэджэ еукI.**
**♦Зыщыгъэпагэу уафэм худэпIлъейр щIылъэм щолъэпэрапэ.**

КIУРАШЫН Алий.

**● Къуажэхьхэр**

## IэфIым хэсу псэу псэущхьэ

**Iэди уади хэмыту**
**Iэтауэ ящI унэ.**

**ПщантIэм щызекIуэ,**
**Сыхьэт къэкIухьлъакъуэ.**

**Япэщыкlэ макъ зыгъэIу,**
**ИтIанэ мастэ къытхэззыIу.**

**Iуданэ зи куэду**
**Мастэ зимыIэ**

**IэфIым хэсу псэу псэущхьэ.**

**Мэжэщlалlэу гъащIэр зыхь,**
**Щынэр мэзым яфIэзыхь.**

**Зэи зи пащIэр зымыупс,**
**Дзыгъуэ Iуэхуэхэм егупсыс.**

ЖЭУАПХЭР:

*Адрыгъэ. Адамэрэ. Адрыгъэ.*
*Бзаджэ. Бжьэ. Дзыгъжьэ. Дзжэ.*

*Зэхэзыльхьар*
**ЩОДЖЭН Леонидщ.**

**● Гушыlэ**

## Хъуэжэ езым зыкъегъэпцIэж

Хъуэжэ пIащIэу унэм кIуэжырт. Уэрамым щызэхэт цIыху гупым щадлэжьым, зыгуэр къеупщIащ:

- Сложь, Хъуэжэ, уи кIэм мафIэ щIэна, дэнэ апхуэдизу упIащIэу уздэжэр? - жиIэри.

Хъуэжэ и кIэм еплъыжри:

- Хьэуэ, мафIэ лъэпкъ слъагъуркъым, - жиIащ.

- АтIэ дэнэ уздэжэр? - къеупщIащ аргуэру а зэгуэпыгъуэр.

Хъуэжэ къызэтеувыIащ, лIыр гъунэгъуу къызыбгъэдишэри щэху дыдэу жриIащ:

- Хъурмэ куэд къашауэ къалэжьыщхьэ деж пщIэнэшэу щат, си хъуржьныжьыр цIыкIуIуэ къысщыхъужауэ чыматэри къэсщтэну сокIуэж, зыми жумыIэу уи закъуэ къыдэкI, - жиIэри Хъуэжэ ежьэжащ.

Зы тэлай дэкIауэ, Хъуэжэ щхьэгъубжэмкIэ къыдэпIэри къиплъэгъащ пэгун, матэ, хъуржьын яIыгъыу хъурмэхьэ тхъэра цIыхухэр.

- Алыхь-алыхь, зыхэзгъэкIыжырти, пщIэншэу ят хъурмэм, - жиIэри и хъуржьныжьымрэ зы чыматэрэ къищтэри Хъуэжэ езыри якIэлъыдэжащ бгым.

КъэпцIа цIыхуэр бгыщхьэм щызэрызехьэу тетт, къэзыгъэпцIам лъыхъуэхэу. Япэ зыхуэзауэ щыта IэпIэ Хъуэжэ къызэрильагъуу, къепхуэри утыкум ирилъэфащ:

- Мис а пцIыр зыгъэIуар, - жиIэри.

- Хэт жысIэу зэхиха? Къызэфшалlэ мыдэ! - къаХуикIуэтакъым Хъуэжэ.

- Сэ щхуу къызжеIащ, - жиIэри лIы зэгуэпыгъуэр къэуващ.

- Си цыдыр хьэм щишьм щыгъуэ си макъым къызэрикIкIэ сыкIияти зыми зэхихакъым, иджы уэ зым щхуу бжесIар сыту псынщIэу къуажэ псом щызэльащIысса? - жиIэри яхуидакъым Хъуэжэ «пцIы» къытралъхьэу.

**КЪАРДЭНГЪУЩI Зырамыку.**

**● Псалъэжьхэр**

## Iуэхуншэ нэхърэ Iуэху цIыкIу

**♦Дыгъужьым мэл зыфIихьынур и пыIэ щыгъумкIэ къещIэ.**
**♦Емызэш мэшыбэ ещIэ.**
**♦Бжьэ зэмыуам фом и уасэр ищIэркъым.**
**♦Пхъэ зыIущIым къуэщIий егъэт.**
**♦ЗыщI нэхърэ еплъ нэхъ Iэзэщ.**
**♦Iуэхуншэ нэхърэ Iуэху цIыкIу.**
**♦КъэкIуэгъуафIэр кIуэжыгъуафIэщ.**
**♦Зи жьэ куэд жиIэм и Iэ куэд ищIэркъым.**
**♦Iуэхутхьэбзэр щIыхуэщ.**
**♦Дыжэф пщIанэ хъуркъым.**

# Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу*:** **1**. Щоджэнцыкым и цIэр зезыхьэ театрым и джэгуакIуэ Iэзэу щыта, РСФСР-м щыхъ зиIэ и артист. **4**. ШколакIуэм кърат унэ лэжьыгъэ. **7**. Дзапэ ... . **9**. Хьэлэхьэблэуэрэ итIысыкIа жылагъуэ. **11**. Лъэпщ и лъэщапIэм щIэлъ Iэмэпсымэ. **13**. ... и губжьыр кхъуэм щекIуэ. **14**. Унагъуэ къаз зыгъэхъум ар иIыгъ хабзэщ. **15**. Уафэ лъащIэм къыщыщызыджэдыхь «бжьэхуц» Iэрамэ. **16**. Осетием щыщ, адыгэцIэ зезыхьэ, ди лъэпкъэгъу куэд щыпсоу къыIэ. **17**. ЦIыхубз хьэпшыпI гъэтIылъыпIэу унагъуэ къэс щIэту щытащ. Иджыри куэдым яIэщ. **18**. Китайм щекIуэкIа дунейпсо Олимп зэхьэзэхуэхэм дыщэ медаль къыщызыхьа адыгэ щIалэ. **20**. Къуалэбзу кIэ дыкъуакъуэ. **23**. Кхъухьлъатэзехуэу щыта, Совет Союзым и ЛIыхъужь Къардэн ... . **26**. Iэпслъэпс. **27**. Гъатхэм пасэу, уэсыр темыкIыжауэ, щIым кхъухэж удз гъэгъа цIыкIу. **28**. Гъэмахуэм Iощым я фэр изых бадзэжь. **29**. Лэскэн районым хиубыдэ къуажэ, щыпсэум и нэхъыбапIэр къущхьэ лъэпкъым щыщу. **30**. Мэкъуауэ дэкI и щхьэгъусэм унэгуащэм ... хуэзрилъхьащ. **31**. ... щыкъун пщIыхьэгъущ. **32**. Къуалэбзум, джэдкъазым я дамэм, я кIэм тетщ, пхъашэрэ-пхъашэу. **34**. Хьэцэпэцэм и щхьэкIэ. **38**. Зэхьэзэхуэм щытекIуа бригадэм ... пльыжь цIыкIу иратащ. **40**. Къуацэ-чыщэ. **41**. Адыгэ сабийжэм папщIэ къыздэкI журнал. **42**. Дунейр щыуаем деж адэкIэмыдэкIэ трищIэ уэс пIащIэ. **44**. ... джанэ. Е ... хьэпIацIэ. **45**. Iуэ, хадэ ихьэпIэхэм чийм къыхэщIыкIауэ халъхьэ бжэ. **46**. Лъагэу зэтекIута гуэр. **47**. А къэкIыгъэм дохутырхэм хущхьэу, еIуящIэхэм - афян къыхах.

***Къэхуу*:** **1**. А хъыджэбзым и насыпыр ... ирапхакъым. **2**. Гъэдз хьэжыгъэм е нартыху хьэжыгъэм къыхащIыкI адыгэ шхыныгъуэ. **3**. Гъэгум иIэ кумбLэмб узыгъэлъэпэрапэ. **5**. Школым щадж предмет нэхъыщхьэхэм ящыщ. **6**. Дунейм ехьжам и щIэкIэ тхьэмыщIэхэм ират Iыхьэ. **7**. Уафэм къех мыл тыкъыр щIыкIу. **8**. Нартыху хъумапIэ. **10**. Мэрем махуэм мэжджыгым щащI нэмэз. **12**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Министрхэм я Советым и Председателу щыта. Абы и цIэр зэрехьэ Налшык и къалэкум хуэзэ уэрамкэм ящынщ зым. **19**. Унэм и зы Iыхьэ. **21**. Ди гъунэгъущIэр ..., хабзэ зыхэлъ адыгэлI нэсу къыщIэкIащ. **22**. Къэрэгъул, плъыр, ... **24**. «Си сабиигъуэм и ... » - Журт Биберд и повесть. Е псы Iуфэ лъагэ. **25**. Волгэ псым адыгэхэр абыкIэ еджэрт. **32**. Джэдкъазхэм я бгъэм хэль къупщхьэ дыкъуакъуэ. Иригушыlэу, абыкIэ баз ириззэпохьэ. **33**. Егъэлеяуэ ерыщ. **35**. Дин Iэхуэкlэ Сауд Хьэрыпым кIуэуэ къэзыгъэзэжа. **36**. Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш академием и етIуанэ ректору щыта. **37**. Махъсымэ къызыхащIыкI зэхэгъэва. **39**. ... и жапIэр езым къеГъуэтыж. **41**. А унэцIэр зэрахьэ: адыгэ генералым; ди республикIэм и парламентым и тхьэмадэу лэжьам; уэрэджыйакIуэ цIэрыIуэм; Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ усакIуэ Iэзэу щытам. **43**. ЩIымахуэм щыгъыным хищIэ хьэпIацIэ къэзыльэтыкъ. **44**. Фоч автомат, кIэрахьуэ хуэдэхэм сыт я пэрмэн, ар имыгъусэмэ.

*Зэхэзыльхьар*
**МЫЗ Ахьмэдщ.**

***Мэкъуауэгъуэм и 10-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу*:** **1**. Салимэ. **4**. Псыкуэд. **7**. Бру. **8**. Щам. **10**. Къан. **11**. Умыуб. **13**. Молэ. **14**. Хьурей. **15**. Ер. **17**. Егъу. **18**. Уэд. **20**. Бэдж. **22**. Анэ. **23**.Ныш. **24**. Мэш. **25**. Акъужь. **26**. КIей. **29**. Чын. **31**. Яе. **32**. Пэ. **34**. Ахъшэ. **36**. Къунан. **38**. Теунэ. **40**. Дзей. **43**. Топ. **44**. Бгъэ. **45**. Гурымыкъ. **46**. Щхьэнтэ.

***Къэхуу*:** **1**. Сещэмэ. **2**. Мыл. **3**. Куржы. **5**. Сыдж. **6**. Дунейр. **9**. Мэл. **10**. Къыр. **11**. Уэркъ. **12**. Бжей. **16**. Къуэныкъуей. **18**. УимыкI. **19**. Дунай. **20**. Бэшэч. **21**. Джэбын. **27**. Дерт. **28**. ГупкIэ. **30**. Къандзэгу. **33**. Гъунапкъэ. **35**. Шей. **37**. Нет. **39**. Уагъэ. **41**. Бжы. **42**. Щыхь.

**● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр**

## Кхъуей гъэжьа, джэдыкIэ щIэлъу

Кхъуей цIынэр пIащIэ цIыкIуурэ зэпаупщI, тхъу къэплъам халъхьэри мафIэ цIыкIу дыдэм тету дакъикъи 6-8-кIэ ягъажьэ. ИтIанэ зэрагъэдзэкI, джэдыкIэуда тракIэри, дакъикъи 8 - 10-кIэ ягъажьэ. Аргуэру зэрагъэдзэкIри дакъикъэ зытIыкIэ ягъэжьэж. Хьэзыр зэрыхъуу, тепщэчым иралъхьэри, шатэ тракIэ. ПIастэ, щIакхъуэ и гъусэу хуабзу яшх.

***Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ)***: кхъуейуэ - г 100, тхъууэ - г 30, джэдыкIэу - 2, шатэу - г 25-рэ.

## Пщагъэ зыхэмылъ щIакхъуэ пIащIэ (Iэрытедзэ)

Гуэдз хьэжыгъэ ухуэнщIар содэрэ шыгъурэ зыхэгъэткIухьа псы хуабэкIэ ящщ. Хьэзыр хъуа тхъэвыр г 150-рэ и хьэлъагъуу, Iыхьэ-Iыхьэурэ ягуэш, хъурейуэ, пIащIэу, мм 2-3 и IуваГэшу хупхъэкIэ яху. Дагъэ зыщIыхуа тебэм иралъхьэ, сапэкIэ е гуахъуэкIэ гъуанэ цIыкIу хуащI. ГъэныкъуитIымкIи ягъажьэ хьэзыр хъуху. Хуабэу Iэнэм трагъэувэ. Шей драф, шатэ, шху, фо дашх.

***Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ)***: гуэдз хьэжыгъэу - г 200, псыуэ - г 90, содэу, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

***«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхыльым къитхыжащ.***

**Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд**

**Редколлегием хэтхэр**

**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщIэмыщI Изэ.**



**Езыгъэтхаэр**
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
КъыдэзыгъэIэмрэ редакцIэмрэ я хэщIапIэр
**360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5**

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхуэ Iапи Iэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдэжьыкIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; суРэтехэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхахэм ящхьэ ихь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьныр и пщэ дэлъ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъуэмэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **Дышэкl Сонэ,** *редактору* **Уэрдокъуэ Жэнэ,** *корректорхэм* **Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 2-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Нэуэкъуэ Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Шомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *суРэтхэм елэжьар* **Бицу Жаниещ.**

**Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.**

**Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.**

**Индексыр 51531 ●Тираж 3.723 ● Заказ №753**